Куэд къызэхъулІэ дохутыр щІалэщІэ

2-нэ нап.

Лъахэм хуэпэж, хуэусэ

3-нэ нап.

Кавказыр зыхъумахэр

4-нэ нап.

Бзу анэм и уэрэд

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№90 (24.996) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

Дамыгъэ лъапІэхэр щратыжащ

Бадзэуэгъуэм и 25-м ди къэралым щагъэлъэпІащ УФ-м СледствиемкІэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэр. Абы и щІыхькІэ гуфІэгъуэ пшыхь иджыблагъэ щызэхэтащ ЩІалэгъуалэм я унэу Налшык дэтым.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икІи зи махуэр зыгъэлъапІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъазэри хабзэр хъумэнымкІэ я пщэ дэлъ къалэнхэр адэкІи ехъулІэныгъэ яІэу ирахьэкІыну ехъуэхъуащ.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ УФ-м СледствиемкІэ и комитетым СледствиемкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэр, КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм следствиемкІэ я къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

Пшыхьым къэрал дамыгъэ лъапІэхэр щратыжащ зи лэжьыгъэмкІэ къыхэжаныкІахэм.

Ухуэныгъэр здынэсам зыщегъэгъуазэ

Налшык 2-нэ Тамань дивизэм и цІэр зезыхьэ и уэрамым деж щаухуэ ТекІуэныгъэм и паркым лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым щыгъуазэ зищІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

«Иджырей къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэн» къэрал программэм хыхьэу ящІ паркыр. Илъэс кІуам, лэжьыгъэхэм я япэ Іыхьэм, метр зэбгъуэнатІэ 12000 къызэщІэзыубыдэ щІыпІэм деж лъэс зекІуапІэхэр зыхуей щыхуагъэзащ, аллее нэхъыщхьэхэр зыхуэдэнур яубзыхуащ.

Мы зэманым паркыр къызэрагъэнэхуну Іэмэпсымэхэр гъэувыным яужь итщ – кІапсэхэр далъхьэнущ, иужькІэ уэздыгъэхэр зыфІадзэну пкъо 55-рэ щагъэувынущ. Лэжьыгъэхэр фокІадэм зэфІагъэкІыну траухуащ. Жэпуэгъуэм абдеж щхъуантІагъэхэр щыхасэнущ – щхъуэмчжыгхэр, пхъэхуейхэр, бзиихухэр.

А псом къадэкІуэу, Налшык псы Іуфэри зэІуэпэщ ящІ. Зэлэжь нэгъуэщІ ухуэныгъэхэм ящыщщ Чернышевскэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щащІ жылагъуэ зэхуэсыпІэр. Мы лэжьыгъэхэми яужь ихьакІэщ. Абдежым сабий джэгупІэхэр, цІыхухэм зыщагъэпсэху, лъэсу къыщакІухь хъуну щІыпІэхэр щащІынущ, уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ.

Сом меларди 8,5-м щІигъу

Урысейм и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щІыналъэхэм узыншагъэр хъумэн я Іэнатіэхэм 2026 - 2028 гъэхэм ухуэныгъэщІэхэр щегъэкІуэкІыным, щыІэхэр зыхуей хуэгъэзэжым трагъэкІуэдэн папщІэ яхуиутІыпщынущ сом меларди 8,5-м щІигъу.

МЫЛЪКУР хухахынущ «Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм зегъэужьын» къэрал программэм хыхьэ «Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и инфраструктурэр егъэфІэкІуэн» къэрал проектым ипкъ иткІэ.

Мылъкур мыпхуэдэу трагъэшэнущ:

- Дагъыстэным - 2027 гъэм сом мелуан 397-рэ, 2028 гъэм сом мелуан 245,7-рэ;
- Къэбэрдей-Балъкъэрым - 2026 гъэм сом меларди 2,5-рэ, 2027 гъэм сом мелуан 58-рэ;
- Къэрэшей-Шэрджэсым - 2026 гъэм сом мелуан 413-рэ;
- Осетие Ищхъэрэ - Аланием - 2026 гъэм сом 1 мелард, 2027 гъэм сом мелард 1,4-рэ, 2028 гъэм сом мелуан 362-рэ;
- Ставрополь крайм - 2026 сом меларди 2,2-рэ яІэрыхьэнущ.

Апхуэдэуи къэралым и Правительствэм Іэщытрадзащ абы и гъэтІылъыгъэ фондым щыщу Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ и жылэхэм псыдзэ щащІэуам кърикІуа хэщІыныгъэхэр иризэфІагъэувэжын папщІэ сом мелуан 280-рэ яхухэхыным теухуа унафэм.

Зи гугъу тщІа мылъкухэмкІэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ медицинэ Іуэхущ1апІэу 26-рэ. Абыхэм ящыщщ къуажэхэм щыІэ сымаджэщхэр, сабий поликлиникэхэр, цІыхубзхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ Іуэхущ1апІэхэр, лъхуапІэ унэр, дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и къудамэр, фельдшер-акушер пунктхэр, дохутыр амбулаторэхэр.

Ди къуэш республикэхэм

Зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и щыхьэрым шыщхьэуІум и 8-м «Юбилейный» спорт уардэунэмщекІуэкІынущ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэмрэ бэнэкІэ хуитымкІэ я спортсмен лъэщхэм я зэпеуэ.**

КъШР-м физкультурэмрэ спортымкІэ и министерствэм къызэритащи, ар хуэгъэпсащ Урысей Федерацэм физкультурэмкІэ щІыхь зиІэ лэжьакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и тренер, СССР-м спортымкІэ и мастер Лъэпщокъуэ Абрэдж Добай и къуэр илъэс 80 зэрырикъум.

КъызэгъэпэщакІуэхэм текІуахэмрэ ахэр зыгъэсахэмрэ папщІэ ягъэуващ фэеплъ кубокхэр, апхуэдэуи ахъшэ саугъэтхэр..

Дэтхэнэми сом мелуан

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ и къэрал технологие университетым и хьэрычэтыщІэхэм къахэхъуащ. «Студенческий стартап» зэпеуэм щытекІуэри, езыхэм я проектхэр пхагъэкІын папщІэ студентиплІым сом мелуан зырыз къаІэрыхьащ. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ ерыскъыхэкІ промышленностым, мэкуъмэш Іэнатіэм, щІыуэпсым пыщІа технологиехэм. Зэпеуэр екІуэкІащ «Технологии» къэрал проектым къриубыдэу.**

- Дэтхэнэ лэжьыгъэми купщІэшхуэ иІэщ икІи хуэгъэпсащ иджырей технологиехэр, экономикэм и унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэм къыщагъэсэбэпыным, - къыщыхагъэщащ МГТУ-м.

УЭРДОКЪУЭ Женя

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и Макс-напэкІуэцІым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрыщызэфІахым.

«ДЫЗЭРЫТ илъэсым лъэпкъ проектхэм хуаутІыпща мылъкур сом мелард 14,3-м нос, - етх Іэтащхьэм. – Абы щыщу сом мелард 11,7-р къэралым и бюджетым щыщщ, сом меларди 2,6-р – республикэм ейм къыхэкІащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэм къадэкІуэ Іэмал псори къанэ щымыІэу къызэрыдгъэсэбэпыным дыхущІокъу.

УнэтІыныгъэ нэхъыщхьэр, шэч хэмылъу, цІыхубэм яхуэгъэзахэрщ: егъэджэныгъэм, узыншагъэм, щэнхабзэм, спортым епхахэмрэ цІыхухэр зыщІэупщІэ Іуэхутхьэбзэхэр къащыІэрыхьэ Іуэхущ1апІэхэмрэ къэгъэзэщІэрэщІэжын, инфраструктурэм зегъэужьын зэрыхуейрщ.

Щапхъэу къэсхьынщ иджыпсту ухуэныгъэрэ зехьэн Іуэхукіэ зи ужь дитхэр, мы илъэсыр имыух щІыкІэ, дутІыпщыну ди мурадхэр.

Ухуэныгъэ нэхъыщхьэу дызэлэжьыр гъуэлъыпІэ 250-рэ зыщІэхуэ, Лышхым еІэзэнымкІэ республикэ сымаджэщырщ. Къинэмыщ1ауэ, Терскол еджакІуи 150-рэ зэкІуэлІэну школыщІэ къыщызэІутхынущ, Бахъсэнёнок къуажэм сабии 140-рэ зыщІэхуэну сабий ІыгъыпІэ щыдутІыпщынущ, Прималкинскэ, Зеикъуэ къуажэхэм цІыхубзхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ Іуэхущ1апІэм лэжьэн щыщІидзэнущ.

Гундэлэн дэт амбулаторэр, Налшык дэт поликлиникэ №3-р, Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм дэт, Сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэ №2-р, школ 38-рэ, сабий ІыгъыпІи 6, колледжитІ, библиотекищ зэІуэпэщ тщІынущ.

Къалэр зыхуей хуэгъэзэным и лъэныкъуэкІэ, проектышхуэхэр диІэщ: музей-хадэ, ТекІуэныгъэм и парк къызэІутхыну ди мурадщ. Къищынэмыщ1ауэ, Налшык дэта лы комбинатым иубыду щыта щІыпІэм къалэ хадэ цІыкІу щыдоухуэ. Шэджэм щызэфІах «Къуршхэм уаутІыпщыркъым» проектыр, Май къалэм – «Заря» паркыр къыщызэІуахынущ.

А щІыпІэхэм я нэхъыбэр къамыгъэсэбэпу щытащ, иджы унагъуэм, щІалэгъуалэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм зыщагъэпсэхуну, физкультурэр зыфІэфІхэм зыщаукъуэдиину щІыпІэ къыхэтщІыкІынущ. Районхэми объект 45-рэ зыхуей щыхудогъазэ.

Гъуэгухэр экономикэм и Іыхьэшхуэщ. Дэ мы гъэм гъуэгу объекти 100-м долэжь, къэрал трассэу километр 30-м нэс зэІуэзэпэщ дощІ, щІыналъэм щыщу километр 80, муниципальнэ щІыпІэхэм хиубыдэу – километр 25-рэ.

Налшык къалэ щекІуэкІ гъуэгу ухуэныгъэхэр псори зэхэту километр 44,5-м нос. Республикэр зэлэжь программэм хеубыдэ Кенжэ, Хьэсэней, Александровкэ, Бгыщхьэ, Стрелкэ хьэблэхэр».

Донбассым и сабийхэм я фэеплъщ

Бадзэуэгъуэм и 27-м Налшык щекІуэкІащ Донбассым зауэм щыхэкІуэда сабийхэм я фэеплъ махуэм траухуа пэкІу. Ар 2022 гъэм ягъэуващ Донецк ЦІыхубэ Республикэм и Іэтащхьэ Пушилин Денис и унафэкІэ. Махуэр зэрымыщІэкІэ къыхахакъым: 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м Украинэм Іэщэкіэ зэщІэуэзэда и гупхэм Горловкэм и кум удынышхуэ ирадзащ «Град» Іэмэпсымэхэмкіэ. Абы хэкІуэдат цІыху мамыру 22-рэ, плІыр сабийуэ.

2014 ГЪЭ лъандэрэ Донбассым балигъ ныбжьым нэмыса щэ бжыгъэхэр щыхэкІуэдащ. Сабий куэдым фэбжь ягъуэтащ, куэд зеиншэу къэнащ е я унэхэр ябгынэн хуей хъуащ.

Налшык къалэм ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм ит «ЩІыхьым и мафІэ мыужьых» фэеплъым и деж дыгъуасэ щекІуэкІа щыгъуэ пэкІум цІыху куэд зэхуишэсат. Абы хэтащ жылагъуэ лэжьакІуэхэр, волонтёрхэр, «Хэкум и ХъумакІуэхэр» фондым и щІыналъэ къудамэм, Хэкум и зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитетым (КСВО) я лІыкІуэхэр, къалэдэсхэр.

Хэкум и зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитетым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и унафэщІ Алимовэ Аллэ зи Іыхьлы зыфІэкІуэдахэм яхуэгузэващ. «Нобэ дызэхуэсащ Донбасс и сабийхэм - гузэвэгъуэм хэкІуэдахэм - я фэеплъым пщІэ хуэтщІыну. Зыри тщыгъупщакъым, зи Іыхьлы зыфІэкІуэда псоми я гуауэр ядыдогуэш. Дзэ Іуэху хэхар иджыпстуи йокІуэкІ, ди республикэм и унагъуэ куэдми пхуэмыгъэзэкІуэжыну хэщІыныгъэ, дауи, ягъуэтащ. Дэ ди къалэнщ хэкІуэдахэм я фэеплъыр тхъумэныр», - жиІащ къэпсэлъам.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ Іэмалкіи зэпыщІауэ дызэрыщытынум дыщогуфІыкІ. Фэ япэу къэфщІэфынущ щІыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщІэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхьхьэкІэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекІуэкІ Іуэхухэм жыджэру хэт цІыхухэм. Ди каналым Іэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкІэ къридзэну ссылкэм тефкъуэз.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщІа дызэрыхъунур!

Унэтіыныгъэ нэхъыщхьэр цІыхубэм яхуэгъэзахэрщ

Унагъуэмрэ щІэблэмрэ яхуэгъэзауэ

Ди къэралым и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ политикэм увыпІэшхуэ щеубыд социальнэ унэтІыныгъэм епха Іуэхугъуэхэр егъэфІэкІуэным. Гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщщ унагъуэмрэ сабийхэмрэ. Абы и щапхъэщ Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэу защІэгъэкъуэнымкІэ республикэ центрым и къудамэхэм ящыщ зым мы зэманым щекІуэкІ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр.

ЗИ ГУГЪУ тщІы Республикэ центрым и ещанэ къудамэр Нарткъалэ щолажьэ. Нэхъапэм сабий гъэсапІэу къагъэсэбэпу щыта унэшхуэм иджы иращІылІэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэм хуэдэ зэи щрагъэкІуэкІакъым. Абы трагъэкІуадэ мылъкур федеральнэ бюджетым къыхокІ, «Доступная среда» къэрал программэм къызэрыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ.

Апхуэдэу зэрахъуэкІащ унэшхуэм и унащхьэр, зэрагъэпэщыжащ блынхэр, кхъахэ хъуауэ къалъытэ куутІхэр щІэрыщІэу яухуэжащ. Іуэхущ1апІэм и щІыунэри зэрагъэпэщыж. Ар гъущІыкІэкІэ къращІыкІащ, и лъэгухэри кърагъэжыкІакІэщ.

А псоми къадэкІуэу, унэшхуэм и кІуэцІми лэжьыгъэшхуэ щызэфІах ухуакІуэхэм. Абыхэм блынхэр къраикІащ, гипсокартонхэр, ухуэныгъэм ирахьэлІэ нэгъуэщІ пкъыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ пэшхэм куутІыщІэхэр дагъэувэж. Къинэмыщ1ауэ, Іэщ1агъэлІхэр жыджэру йолэжь псы хуабэрэ щІыІэрэ зрикІуэну бжьамийхэр щІэкІэ зэхъуэкІыным, жьы зэприхупІэщІэхэр гъэувыным. Махуэ благъэхэм центрым и пэшхэм бжэщІэхэмрэ щхьэгъубжэщІэхэмрэ хагъэувэнущ, унэ щІыхьэпІэми елэжьын щІадзэнущ.

А лэжьыгъэ псори къызыхуэтыншэу икІи и чэзум зэфІахыну я мурадщ ухуакІуэхэм. Ахэр зэрекІуэкІым я нэІэ ткІийуэ трагъэтщ щІыналъэ унафэщІхэми.

Ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэфІэха хъуа нэужь, унэлъащІэ екІухэмкІи, нэгъуэщІ зыхуей-зыхуэфІ псомкІи къызэрагъэпэщыну центрыщІэм и бжэхэр къыхузэІуихынущ махуи жэщи абы щыІэну, щыпсэуну сабий хыщІым. А ныбжьыщІэ цІыкІухэм хуэщІапхъэ Іуэхутхьэбзэхэм ящыщ куэд езы унэшхуэм щызэфІэкІынущ, къанэхэр ди республикэм и къалащхьэм щылажьэ Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэу защІэгъэкъуэнымкІэ республикэ центрым къыщыхуащІэнущ.

Псори зыхуэунэтІар зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм, ахэр щапІ унагъуэхэм исхэм медицинэ, психологие, социальнэ я лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэнырщ, иджырей мардэхэм къитІасэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнырщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щола-жьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70, 40-34-32.**

ГурагъаІуэ, ядоІэпыкъу

«Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым КъБР-м щиІэ къудамэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ хьэрычэт лэжьыгъэ зэрахьэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъумрэ ІэщІагъэ ягъуэтынымкІэ зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Дадэ МуІэед. Абы хэтащ республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэхэм, Урысейм и федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм я лІыкІуэхэр. Апхуэдэ зэдэлэжьэкІэм Іэмал къарет дэІэпыкъуныгъэр къызэрызэрагъэпэщым лъэныкъуэ куэдкІэ хэплъэну.

ІуэхущІапІэхэм хъыбархэр псынщІэу зэрызэІэпахыфым, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм ящыщу хьэрычэтыщІэу ятхахэм е зи щхьэ хуэлэжьэжхэм ят налогыр яхуэгъэмэщІэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм, «социальнэ контрактыр» зэрызэращІылІэ щІыкІэм, нэгъуэщІхэми зэІущІэм щытепсэлъыхьащ.

Абы хэтахэм къыхэгъэщащ Хэкум и хъумакІуэхэм я щхьэ Іуэху къызэрагъэпэщыжыным ехьэлІауэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэхэр зэрачыр. Министерствэхэм, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым, налог ІэнатІэхэм я къарур зыхуаунэтІыр дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм езыхэм я Іуэху къызэІуахынырщ, абы зрагъэужьыныр щ.

«Ди хъумакІуэхэм хьэрычэт Іуэху ящІэну гукъыдэж зэраІэм гу лъыдотэ. Псоми ди зэхуэдэ къалэнщ зыкъытхуэзыгъазэ дэтхэнэми зыщІэдгъэкъуэну. Иджы нэхъыщхьэр къэдгъэлъэгъуа Іуэхугъуэ псори Іэпэдэгъэлэл мыхъуу, жэуаплыныгъэ тхэлъу делэжьыныр щ», - жиІащ Дадэ МуІэед.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Щхьэпэу хэлъыр мылъытэщ

● ЩІэныгъэ

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Іуащхьэмахуэ лъапэм щиІэ егъэджэныгъэ-щІэныгъэ центрым къэрал программэм ипкъ иткІэ «Университет зэблэкІыгъуэхэр» зыфІаща пэхуэщІэр мы махуэхэм щокІуэкІ.

ПЭХУЭЩІЭР дунейм къытехьэн папщІэ къэрал къулыкъущІапІэ зыбжанэм я лІыкІуэхэм я акъылрэ жэрдэмрэ зэхалъхьэн хуей хъуащ. Апхуэдэу УФ-м ЩІэныгъэмрэ щІэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ и министерствэм, УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм, Урысейм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и къулыкъущІапІэм, «Пэрытхэм я зэщІэхъеныгъэм» я жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэху щІагъуэм къэралым и щІыналъэ 38-м къикІыу еджакІуи 150-м щІигъу хэтщ. ПэхуэщІэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ныбжьыщІэм пасэу и гур щІэныгъэмрэ ІэщІагъэмрэ хуэгъэуэшыныр, лъэпкъхэм я щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр зи лъабжьэ псэкупсэ гъэсэныгъэм хэлъ фІагъхэм щыгъэгъуэзэныр, зыщагъэпсэхум деж къэралми лъэпкъхэми я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ тхыдэ къэхъугъэхэмкІэ щІэныгъэ зрагъэгъуэту егъэсэныр.

Пэхуэщ1эр Іыхьэ зыбжанэу зэхэтщ. Абы хохьэ ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм теухуа щІэнІуатэхэмрэ зэІущІэхэмрэ хэтыныр, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирилажьэхэм яІущІэныр, щІэныгъэуэзэщІакІуэ пэхуэщІэхэм я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуэныр, зекІуэхэм яхьыхьэнри, нэгъуэщІ куэдри. Къинэмыщ1ауэ, щІалэгъуалэм папщІэ тренинг икІи мастер-класс зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщ, лъэпкъхэм я псэкупсэ лъапІэныгъэхэм ехьэлІауэ, утыку ихьэкІэмрэ псэлъэкІэмрэ хуэгъэзауэ, волонтёр ІэнатІэр купщІафІэу икІи гъэнщІауэ зэрепхьэкІыным хуэгъэпсауэ. Мастер-классхэр гъэщІэгъуэн дыдэу къызэрагъэпэщ, нэрылъагъу Іэмалхэмкіэ, интерактив пхъэшыкъуэм кърырагъадзэ видеогъэлъэгъуэныгъэхэмкІэ, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ягъэнщІурэ.

Мыгъэрей университет зэблэкІыгъуэм къыхагъэхьащ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэмкІэ мастер-классхэри. Адыгэбзэмкіэ хамэ щІыпІэ къикІахэм лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн ядригъэкІуэкІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ, ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат. ЗэІущІэм хэта ныбжьыщІэ куэдым дежкІэ Табыщым иригъэкІуэкІа дерс дамэдазэр хьэлэмэт дыдэу къыщІэкІат - абыхэм я нэхъыбэм нэхъапэкІэ зэхахатэкъым адыгэбзэм и Іукіэр, ар къэгъэнауэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зы бзэкІэ псалъэу фІэкІа щыгъуазэтэкъым.

Табыщым и дерсыр уэршэрым тещІыхьауэ иригъэкІуэкІащ. Абы япэщІыкІэ ныбжьыщІэхэр щигъэгъуэзэщ Кавказым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд зэрыщыпсэум, абыхэм я бзэм, щэнхабзэм, я тхыдэм зэщхьу икІи зэтехуэу хэлъым нэхърэ зэщхьэщыкІыныгъэ нэхъыбэ зэриІэм. Апхуэдэу щІалэгъуалэм абдеж япэу къыщащІащ адыгэбзэмрэ шэшэныбзэмрэ ирипсалъэхэр зэгурымыІуэми, абыхэм зы лъабжьэ зэраІэр, илъэс мин зыбжанэ ипэкІэ уэзІэбэкІыжмэ, ахэр зэгурыІуэу зэрыщытар. Кавказыбзэхэр зыджа щІэныгъэлІхэм я Іэдакъэщ1эк1хэр тегъэщІапІэ ищІурэ, Табыщым ныбжьыщІэхэм адыгэбзэм, абазэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм, ингушыбзэм зэщхьу хэт псалъэхэм я щапхъэ куэд къихьащ, зэ еплъыгъуэкІэ зэтемыхуэми, макъ зэпэджэжкІэ зэджэ фонетикэ хабзэм и фІыгъэкІэ, ахэр зэрызэлъапсэгъур къызэрахутэр нэрылъагъу ящищІащ.

Ауэ ныбжьыщІэхэм нэхъ хьэлэмэт къащыхъуар практикэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэрщ. Табыщ Мурат япэщІыкІэ тепсэлъыхьащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу пщІы бжыгъэ хъу макъ дэкІуашэхэр зэрыхэтым, апхуэдизыр зэгурызыгъаІуэ макъзешэхэр зэрымащІэ дыдэм.

Табыщым и дерсыр адыгэбзэм къытришэжри, макъхэр къагъэІун папщІэ, щІалэгъуалэм фІэхъус псалъэхэр яригъащІэу хуежьащ. Абы къипсэлъыр ныбжьыщІэхэм я тхьэкІумэм зэриІуэр зэхигъэкІын папщІэ, егъэджакІуэм ахэр пхъэшыкъум къришалІэурэ щигъатхэрт. Урысыбзэ фІэкІа зэхэзымыхахэм ар гъэщІэгъуэн къащыхъури, зэрыщыуэми Іэнкун имыщІу, Іуэхур зэхьэзэхуэм хуэкІуащ. Апхуэдэххэурэ Іущхьэм къыщыщІэдзауэ Іупэм щыщІэкІыжу адыгэбзэм хэт макъ дэкІуашэ зэмылІэужьыгъуэхэр къаригъэпсэлъурэ, Табыщым цІыкІухэм псалъэ 15 хуэдиз яригъэщІащ.

ЗэІущІэм хэтахэм макъхэр зрагъэІыхуа нэжь, ар лъэпкъым и щэнхабзэм гуэх имыІэу зэрепхар яригъэщІащ. ЩІалэгъуалэм хьэлэмэт къащыхъуащ фІэхъусхэр, зыхуэгъэзащытыкІэр я нэІэм щІагъэтын и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІахэм. Абы къыхигъэщащ а пІалъэм къриубыдэу хабзэр мин 18,9-рэ къызэпаудауэ прокурорхэм къызэрыщІагъэщар, абыхэм япкъ иткІэ цІыху мини 4,9-рэ жэуапым зэрырашэлІар, цІыху 900-м щІигъум я хуитыныгъэхэр зэрызэфІагъэувэжар.

Камшилов Олег къыщыпсалъэм жиІащ кІэлъыплъыныгъэм и Іэмал щхьэхуэхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейр, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм, абы кІэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшын и лъэныкъуэкІэ яІэхэри, къыщызэгъэпэщыным прокурорхэм я нэІэ трагъэтыну къыхуриджащ. Апхуэдэуи къытеувыІащ цІыхубэм я социальнэ хуитыныгъэхэр къызэпамыдыным гулъытэ щхьэхуэ хуащІын, щІыналъэхэм щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я кІэлъыплъыныгъэм щІэтын зэрыхуейми. Абыхэм нэмыщІ, щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэр хабзэхъумэ ІэнатІэхэм нэхъри щІагъэткІиену я пщэ къызэрыдэхуэми гу лъаригъэтащ.

Коллегием зыщытепсэлъа Іуэхухэм ятеухуа унафэ пыухыкІахэр къащтащ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и прокуратурэм и кІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр нэхъри иригъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

Мазихым яхуэзэфІэкІахэр

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав иригъэкІуэкІащ 2026 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжа зэІущІэ.

АР къызэІуахащ Іуэху гуапэкІэ - къыхэжаныкІа лэжьакІуэхэм ведомствэ дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ. Мыхьэнэ хэха зиІэт япэ офицер дамэтелъхэр, зи щІалэгъуэ ІэщІагъэлІхэм заІэтыным щІэдзапІэ яхуэхъухэр, зэрыратыжар.

Министерствэм и лэжьыгъэм кърикІуахэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыІэ МВД-м и штабым и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Егоровэ Наталье. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, зриплъэж лъэхъэнэм яхуэзэфІэкІащ хабзэншагъэу ялэжьыр гъэмэщІэныр.

Гулъытэ хэха хуащІащ хъыбар-телекоммуникацэ технологиехэр къагъэсэбэпу зэрахьэ щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщыным икІи абы лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІар мащІэкъым. Арщхьэкіэ, балигъыпІэ имыувахэм гугъуехьхэр пыщІащ, абыхэм е ахэр зыхэту къэхъухэм хэхъуащи. ІэнатІэм и унафэщІхэм а Іуэхум хэхауэ я нэІэ тетщ.

КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр Крючков Вячеслав ІэнатІэхэм я унафэщІхэм къалэн щхьэхуэхэр яхуигъэуващ адэкІэ зэрылэжьэнум ехьэлІауэ икІи къыхигъэщащ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ унэтІыныгъэхэр.

- Къытпэщылъ пІалъэм ди унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щІалэгъуалэм хабзэр къызэпамыдыным ехьэлІахэр , - къыхигъэщащ министрым.

ЗэІущІэм и кІэухыу Крючков Вячеслав жиІащ ипэкІи хуэдэу, республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрыгъэпэщыныр, жылагъуэм зэпІэзэрытыныгъэ щыІэныр я къалэн нэхъыщхьэу къызэрынэжыр.

УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.

КъэкІуэну дахэкІэ узыщызыгъэгугъхэр

Дохутыр ІэщІагъэр сыт хуэдэ зэманми къалъытэ нэхъ гугъу дыдэхэм икІи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъхэм ящыщу. Абы уехъулІэу упэрытын папщІэ Іэзагъышхуэрэ щІэныгъэшхуэрэ убгъэдэлъын, къыщынэмыщІауэ, сыт щыгъуи абыхэм хэбгъэхъуэн хуейщ. Апхуэдэуи гущІэгъу, гуапагъэ пхэлъу, цІыхум сытым дежи уи дэІэпыкъуныгъэ зэрылъыбгъэсэным ухуэхьэзыру щытыпхъэщ. А псор къагурыІуэу дохутыр ІэщІагъэм хуеджэныр къыхахащ Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ пщащэхэу БжыкІший Даянэрэ Къаныкъуэ Алинэрэ. И къуажэгъу хъыджэбзхэм ятетхыхьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и дэІэпыкъуэгъу Хъыжьрокъуэ Азэмэт.

БжыкІший Даянэ

Къаныкъуэ Алинэ

ІэщІагъэм кууэ зыхегъэгъуазэ

Дэтхэнэ зы цІыхуми и гъащІэм хэтщ адэкІэ и гъуэгур зыубзыху Іуэхугъуэхэр. БжыкІший Даянэ и гъащІэ гъуэгур зыхуэдэнур щызэхэкІар ІэщІагъэкІэ и хъуэпсапІэр къыщынэхуамрэ ар зэрызригъэхъулІэным и къару псори зэрырихьэлІэнум зэрыхущІэкъунур къыщыгурыІуамрэщ.

Даянэ къиухащ Къардэн Б. М. и цІэр зезыхьэ курыт школ №10-р. А илъэсхэм абы зыкъигъэлъэгъуащ зыпэрыхьэ Іуэхур егугъуу зыфІэзых, зи мурадхэр ерыщу зэзыгъэхъулІэф еджакІуэу. Пасэу дохутыр ІэщІагъэм щІэхъуэпсын щІэзыдза хъыджэбзыр школ нэужьым зыщІэтІысхьэнум егупсысын хуей хъуакъым. Абы къыхихащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкІэ и къудамэм Шэч зыхэмылъыжращи, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр зи лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъу ІэщІагъэлІым зыпэрыт Іуэхум щиІэну ехъулІэныгъэхэм я шэсыпІэщ.

Ерыщу и мурадым хуокІуэ

Къаныкъуэ Алинэ и лъабжьэр къыщежьэм, и унагъуэм, и хэку цІыкІум къуэпс быдэкІэ пыщІа, абы кърит къарум и фІыгъэкІэ гушхуэныгъэ хэлъу ехъулІэныгъэщІэхэм тегушхуэ щІалэгъуалэм я щапхъэщ.

Пщащэр щеджащ КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ курыт школ №8-м. ЕджапІэр дыщэ медалкІэ къэзыуха хъыджэбзым сыт хуэдэ ІэщІагъэри зэрызригъэгъуэтыфын щІэныгъэ бгъэдэлът. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм баллыфІ дыдэхэр къыщызыхьа Къаныкъуэр Москва и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым щІэхуат. Стоматологиемрэ жьэпкънапэпкъ хирургиемкІэ и институтыр. БжыкІшийм гукІи псэкІи къыхиха ІэщІагъэм кууэ зыхегъэгъуазэ, еджэным ехъулІэныгъэфІхэр къыщигъэлъагъуэу. Зыхуеджэ Іуэхум и пІалъэ нэхъыфІу къищІэнымкІэ абы сэбэпышхуэ къыхуохъу Налшык къалэ стоматологие поликлиникэм щрихьэкІ лэжьыгъэри. Даянэ къызэрилъытэмкІэ, ІэщІагъэм и щэху псори къищІэнымкІэ зригъэгъуэта щІэныгъэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпыну Іэмал зэриІэр икъукІэ къыхуощхьэпэ.

БжыкІшийм и лэжьэгъуэмрэ унэтІакІуэхэмрэ къыхагъэщ хъыджэбзым жэуаплыныгъэ зэрыхэлъыр, ІэщІагъэм и лъабжьэр кууэ къызэрыгурыІуэр, мыхьэнэшхуэ зиІэращи, дэтхэнэ сымаджэми хуиІэ гуапагъэмрэ набдзэгубдзаплъагъэмрэ, абыхэм бгъэдыхьэкІэ къахуигъуэтыфу зэрыщытыр. Куэдым я дежкІэ ар я хъуэпсапІэхэм хуэзышэ Іэмал хъырзынэт - къыхэпха ІэщІагъэмкІэ уи зэфІэкІым хэбгъэхъуэнымкІэ бжэ куэд къыпхузэІузыхт къэралым и къалащхьэм щІэныгъэ щызэбгъэгъуэтыныр. Арщхьэкіэ Алинэ гукІи псэкІи фІыуэ илъагъу и щІыналъэм къинэжмэ, адэ-анэм я гъусэмэ нэхъ къищтащ. ЩІыпІэ мыцІыхум къыщыпэплъэр зэримыщІэм къригъэкІуэтауэ аракъым хъыджэбзыр, атІэ унагъуэ зэпыщІэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэрыритым, и хэку цІыкІур фІыуэ зэрилъагъум къыхэкІыу къыхихауэ аращ. ЗыхапІыкІа жылагъуэм и Іыхьэу къэнэжыныр нэхъ къищтащ хъыджэбзым икІи зы махуи хущІегъуэжакъым и Іуэхур къызэрекІуэкІам.

Нобэ пщащэ цІыкІур Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэм и студентщ. И хъуэпсапІэр дохутыр хъууэ, и дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм яхуэщхьэпэнрати, ерыщу и мурадым хуокІуэ. Еджэным зэфІэкІ хъарзынэхэр къыщегъэлъагъуэ, къыпэщыт къалэн псоми фІы дыдэу полъэщ. ІэщІагъэр фІэфІу къызэрыхихам, и ІэщІагъэм хуэІэзэ хъуну зэрыщІэхъуэпсым, жэуаплыныгъэшхуэ зэрыхэлъым къыхэкІыу медицинэм и программэ гугъур зэгъэщІэныр абы тыншу къохъулІэ.

Къаныкъуэ Алинэ медицинэм щыпхиш лъагъуэр иришэжьа къудейщ. Апхуэдэ щІэдзапІэ зиІэм къэкІуэну дахэкІи узыщегъэгугъ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

● Прокуратурэ

Къэрал хабзэр зэрагъэзащІэр къапщытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм иджыблагъэ щызэхэтащ абы и коллегием и зэІущІэ зыубгъуа. Абы кърихьэлІащ Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм щыІэм и унафэщІ Камшилов Олег. Зэхуэсым щызэхалъхьэжащ 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ІэнатІэм щахуэзэфІэкІахэр, апхуэдэуи хабзэр хъумэнымкІэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ къапэщыт къалэнхэри щаубзыхуащ.

КъБР-м и прокурор Хабаров Николай зэІущІэр къыщызэІуихым къытеувыІащ щІыналъэм къэрал хабзэм щытетын, прокурор кІэлъыплъыныгъэр къызэгъэпэща хъун, щытыкІэр я нэІэм щІагъэтын и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІахэм. Абы къыхигъэщащ а пІалъэм къриубыдэу хабзэр мин 18,9-рэ къызэпаудауэ прокурорхэм къызэрыщІагъэщар, абыхэм япкъ иткІэ цІыху мини 4,9-рэ жэуапым зэрырашэлІар, цІыху 900-м щІигъум я хуитыныгъэхэр зэрызэфІагъэувэжар.

Камшилов Олег къыщыпсалъэм жиІащ кІэлъыплъыныгъэм и Іэмал щхьэхуэхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейр, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм, абы кІэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшын и лъэныкъуэкІэ яІэхэри, къыщызэгъэпэщыным прокурорхэм я нэІэ трагъэтыну къыхуриджащ. Апхуэдэуи къытеувыІащ цІыхубэм я социальнэ хуитыныгъэхэр къызэпамыдыным гулъытэ щхьэхуэ хуащІын, щІыналъэхэм щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я кІэлъыплъыныгъэм щІэтын зэрыхуейми. Абыхэм нэмыщІ, щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэр хабзэхъумэ ІэнатІэхэм нэхъри щІагъэткІиену я пщэ къызэрыдэхуэми гу лъаригъэтащ.

Коллегием зыщытепсэлъа Іуэхухэм ятеухуа унафэ пыухыкІахэр къащтащ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и прокуратурэм и кІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр нэхъри иригъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэщ1ыныгъэхэр мащІэкъым

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Донецк ЦІыхубэ Республикэм къыбгъэдэкІыу сенатору щыІэ Волошин Александр ТАСС-м и журналистым щепсалъэм жиІащ Украинэм ІэщэкІэ зэщІэуэзда и къарухэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэм я зэранкІэ Киев Урысейм кърита хэщІныгъэр зэрыхуэмыпшыныжынур.

АПХУЭДЭУ сенаторым къыхигъэщащ хэщІныгъэр сом зы триллионым зэрыщІигъур икІи ар Киев мылъкукІэ дэІэпыкъуэгъу хуэхъухэм я жып къикІын зэрыхуейр.

«Къухьэпіэ правительствэхэм ІэщэкІэр къешэлІэным трагъэкІуэдэну мелардищэхэр къыщагъуэтыфакІэ, абыхэм къагурыІуэн хуейщ зэхакъута къалэхэм, еджапІэхэм, сымаджэщхэм я зэфІэгъэувэжынми пщІэ зэрыщІатыпхъэр», - жиІащ Волошиным.

Зэпыщ1эныгъэхэм зрагъэужь

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Новак Александр хэтащ Урысеймрэ Сауд Хьэрыпымрэ я дипломат зэхущытыкІэхэр илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ къызэрагъэпэща пшыхьым.

«КЪЭРАЛИТІЫР зэпещІэ пэжыгъэм, дэтхэнэ лъэпкъми и сэбэп зыхэлъхэм пщІэ щыхуащІ дуней зэхэтыкІэм, и гъэгу къыхихыжыну хуитыныгъэ иІэным и телъхьэу зэрыщытым. ЛъэныкъуитІ зэдэлэжьэныгъэм зыужьыныгъэ нэхъыбэ щигъуэтар тхыдэм и лъэхъэнэщІэрщ. Ди къэралхэм я унафэщІхэм яку дэлъ дзыхьырщ апхуэдэ зэпыщІэныгъэфІхэм лъабжьэ яхуэхъуар», - жиІащ вице-премьерым.

Илъэситхум къриубыдэу лъэныкъуитІым я сату зэдэлэжьэныгъэр хуэдитІым щІигъукІэ хэхъуащ. Урысейр ящыщщ Саудей Хьэрыпыр ерыскъыхэкІхэмкІэ къызэзыгъэпэщ къэрал нэхъыщхьитхум. Апхуэдэу а щІыналъэм урысей экономикэм инвестицэу хилъхьар блэкІа илъэсым процент 90-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Водород энергетикэм, атом шынагъуэншэм, щІыдагъэ-газ ІэнатІэм папщІэ бжыгъэ технологиехэм, Саудей Хьэрыпым урысей Іуэхущ1апІэхэр къыщызэІухыным ехьэлІа проектхэр гъэзэщІэным зэгъусэу йолэжь.

Бадзэуэгъуэм и 28, *гъубж*

♦Гъуэжь узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦**1957 гъэм** Москва къалэм къыщызэІуахащ щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Абы хэтащ къэрали 131-м къикІа ныбжьыщІэ мин 34-рэ. «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр а фестивалым и лауреат хъуащ.

♦**1900 гъэм** къалъхуащ Сириемм щыпсэуа жылагъуэ лэжьакІуэ, Сорбоннэ дэт университет цІэрыІуэр къэзыуха, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Пащтыхьхэм я бийуэ шэрджэсхэм ирагъэкІуэкІа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа **Сэмгугъу Іэмин**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 29, *бэрэжьей*

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ

♦**1941 гъэм** къалъхуащ щІэныгъэлІ, адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Хьэкъун Барэсбий**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Сириемм щыщ дзэ кІулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, генерал-майор, СХьР-м и Адыгэ ФІыщІэ хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Къэбэрдей Аднан**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 19. Абыхэм ящыщу 8-р хъыджэбз цІыкІущ, 11-р щІалэщ.

Бадзэуэгъуэм зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 675-рэ, *илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ* 5051-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав иригъэкІуэкІащ 2026 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжа зэІущІэ.

АР къызэІуахащ Іуэху гуапэкІэ - къыхэжаныкІа лэжьакІуэхэм ведомствэ дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ. Мыхьэнэ хэха зиІэт япэ офицер дамэтелъхэр, зи щІалэгъуэ ІэщІагъэлІхэм заІэтыным щІэдзапІэ яхуэхъухэр, зэрыратыжар.

Министерствэм и лэжьыгъэм кърикІуахэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыІэ МВД-м и штабым и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Егоровэ Наталье. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, зриплъэж лъэхъэнэм яхуэзэфІэкІащ хабзэншагъэу ялэжьыр гъэмэщІэныр.

Гулъытэ хэха хуащІащ хъыбар-телекоммуникацэ технологиехэр къагъэсэбэпу зэрахьэ щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщыным икІи абы лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІар мащІэкъым. Арщхьэкіэ, балигъыпІэ имыувахэм гугъуехьхэр пыщІащ, абыхэм е ахэр зыхэту къэхъухэм хэхъуащи. ІэнатІэм и унафэщІхэм а Іуэхум хэхауэ я нэІэ тетщ.

КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр Крючков Вячеслав ІэнатІэхэм я унафэщІхэм къалэн щхьэхуэхэр яхуигъэуващ адэкІэ зэрылэжьэнум ехьэлІауэ икІи къыхигъэщащ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ унэтІыныгъэхэр.

- Къытпэщылъ пІалъэм ди унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щІалэгъуалэм хабзэр къызэпамыдыным ехьэлІахэр , - къыхигъэщащ министрым.

ЗэІущІэм и кІэухыу Крючков Вячеслав жиІащ ипэкІи хуэдэу, республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрыгъэпэщыныр, жылагъуэм зэпІэзэрытыныгъэ щыІэныр я къалэн нэхъыщхьэу къызэрынэжыр.

УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.

Куэд къызэхъулІэ дохутыр щІалэщІэ

Мы гъэм КъБКъУ-м и медицинэ академиер къэзыуха Нэзрэн Батырбэч дзэ Іуэху хэхам хэтхэм защІэгъэкъуэным теухуа проектхэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ Урысейпсо цІыхубэ фронтым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъкІэ ягъэпэжащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Касумовэ Изабеллэрэ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, медицинэ академием сабий узыфэхэмкІэ, акушерствэмрэ гинекологиемкІэ и кафедрэм и профессорр Теммоевэ Лейлэрэ. Абыхэм къыхагъэщащ дохутыр ныбжьыщІэм жылагъуэ Іуэху щхьэпэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІар икІи адэкІэ и ІэщІагъэкІэ къыхиха гъуэгур зэрыхузэфІэкІкІэ цІыхухэм щхьэпэ яхуэхъуу зэрырихьэкІынум шэч къызэрытрамыхьэр.

ФІыщІэ тхылъыр щІалэм иритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и проректор Нэзрэн Беслъэн. «Граждан жыджэрагъым, цІыхухэм ядэІэпыкъуным хуэхьэзыру щытыным хуэунэтІа апхуэдэ щапхъэхэр медицинэ зэгухьэныгъэм дежкІэ лъапІэщ икІи пщІэшхуэ щызиІэщ, - жиІащ проректорым. - Зэбгъэгъуэта щІэныгъэр уи тегъэщІапІэу, щэн дахэр уи гъуазэу ехъулІэныгъэхэм ухуэкІуэну сынохъуэхъу».

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Лъахэм хуэпэж, хуэусэ

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Бицу Анатолэ и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

Лъэпкъ литературэр зыгъэбея, абы и зыужьыныгъэм еш имыщІэу зи гуащІэ хэзылъхьа, зи гупсысэр куу, зи псалъэр жан, сабии балигъи я гум нэса усакІуэ - апхуэдэущ Бицу Анатолэ псоми зэрытцІыхур. Абы щыхьэт тохъуэ и къалэмыпэм къыщІэкІа дэтхэнэ усэри гъащІэ гъуэгуанэм къыщикІуа дэтхэнэ лъэбакъуэри.

Бицу Анатолэ Мурат и къуэр 1946 гъэм Шэрэдж щІыналъэм хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Абы тхэн щІидзащ етхуанэ классым щІэсу, ебланэм нэсауэ и япэ усэр газетым къытрадзащ.

Аушыджэр курыт еджапІэр къиуха нэужь, Анатолэ ди университетым и адыгэ къудамэм щІотІысхьэ, етІуанэ курсым щІокІри, Горькэм и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературнэ институтым щоджэ. Абы Анатолэ нэІуасэ щыхуохъу усакІуэ цІэрыІуэ Къэшэж Иннэ. Аращ Бицум и усэхэр урысыбзэкІэ зэзыдзэкІыу щІэзыдзар. «Іуащхьэмахуэ щхьэщыт лэгъупыкъу» псалъащхьэм щІэту «Дружба народов» журнал пІащэм 1968 гъэм къытехуа усэ циклышхуэмкІэ Анатолэ Союзпсо тхылъеджэм и пащхьэ ихьауэ щытащ. Усэхэр урысыбзэм шэрыуэу иригъэтІэсат Къэшэж Иннэ. Мы Іуэхумкіэ фІыщІэшхуэ бгъэдэлът тедзэныр къызэзыгъэпэща, абы псалъапэ гуапэ хуэзытха КІыщокъуэ Алим...

Ещанэ курсым щеджэу Анатолэ Налшык къыщыдигъэкІащ и япэ усэ тхылъыр. Абы фІищауэ щытащ щІагъыбзэ зыщІэлъ цІэ: «ГуфІапщІэ».

УсакІуэм и етІуанэ тхылъыр, «Зы дакъикъэ» зыфІищар, усэ фІыуэ зылъагъухэм яІэрыхьащ 1971 гъэм.

ТхылъыщІэр усакІуэм и творческэ Іэзагъэм зэрыхэхъуам и гъуджэщ. Абы еджэм гу лъимытэнкІэ Іэмал иІэкъым ар зи Іэдакъэщ1экІыр гъащІэм куу дыдэу зэрыпхыплъыфым, абы лъагъуныгъэшхуэ зэрыхуиІэм, цІыхум и гуфІэгъуи гурыгъуи езым ей дыдэм хуэдэу зэрызыхищІэм.

1971 гъэм Литературэ институтыр къеухри, Бицум Налшык къегъэзэж. ИкІи абы къыщыщІэдзауэ пенсэм тІысыжыху ар щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм. ЯпэщІыкІэ художественнэ литературэмкІэ къудамэм и редактору, иужькІэ абы и унафэщІу, иужьрей илъэсхэм - тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэу. Іэнатіэ гугъу зыпэрытхэм къыдэкІуэу, жылагъуэ къалэнхэри игъэзащІэу Бицур къокІуэкІ. Псалъэм папщІэ, абы лэжьыгъэ пыухыкІа хуищІащ и Іуэхущ1апІэр зыхиубыдэу щыта Налшык къалэм и Ленинскэ районым - партым и райкомым хэту, райсоветым и цІыхубэ депутату. Илъэс зыбжанэ хъууэ Анатолэ хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм, Къэрал саугъэтхэмкІэ республикэм щыІэ комиссэми хэтащ. Литературэм зигури зи псэри итхьэкъуа усакІуэм и творчествэм зиужь зэпытщ. 1974 гъэм, и япэ тхылъитІым и фІагъыр къалъытэри, ар хагъэхьэ СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым. Абы къыщыщІэдзауи, зым иужь зыр иту жыхуаІэм хуэдэу, зым нэхърэ адрейр нэхъ купщІафІэу дунейм къытохьэ Бицум и тхылъыщІэхэр: «Фэеплъ», «Псалъэ быдэ», «Гуэл щхъуантІэ», «Балъкъэр пшыналъэ» (адыгэбзэкІэ); «Стремление», «Человек и небо», «Сквозь сердце», «Мотив», «От весны до весны» (урысыбзэкІэ). Ахэр къыщыдокІ Налшыкрэ Москварэ, тхылъ щхьэхуэхэм псалъапэ хуатх Тхьэгъэзит Зубер, Сокъур Мусэрбий, КІыщокъуэ Алим...

Анатолэ жыджэру хэтащ республикэм и литературнэ гъащІэм. МызэмытІэу ар кІуащ ди республикэм и махуэхэу Винницэ, Ригэ, Липецк, Ростов, Москва щекІуэкІахэм, ТхакІуэхэм я съездышхуэ зыбжанэм лІыкІуэу хэтащ, Москва, Ереван щызэхэта, усыгъэм и Союзпсо фестивалхэм дипломант щыхъуащ. Абы таланту бгъэдэлъым, и дуней еплъыкІэм, и зэхэщІыкІым, и хъэтІыр зыхуэдэм я гугъу пщІымэ, и гупсысэхэр здынэсыр жыпІэмэ - а псори къыхощ усакІуэм и къалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэхэм.

Лъахэм хуэпэж цІыхур сыт щыгъуи лъагъуныгъэ гуащІэкІэ епхащ щалъхуа щІыпІэм. А щалъхуа щІыпІэм деж абы и гум щыхыхьа, Іэпкълъэпкъ псом щыпкърыхьа гурыщІэрщ Хэкум хуищІ лъагъуныгъэшхуэм хэкІыпІэ хуэхъур.

И жылэжь Аушыджэрщ Бицум япэ дыдэу щызыхищІар гуащІэдэкІым и къарур, ижькІэ вакІуэ пщІэнтІэпс шыугъэр зыщІэзыфа щІылъэ-анэм и Іэфіагъыр. Абдежщ къыщищІар абы гуащІэдэкІым нэхъ къаруу фІэ, нэхъ жан, гу хьэлэл узэрищІыр.

Адэкіэ абы зэчийуэ бгъэдэлъым, и дуней еплъыкІэм, и зэхэщІыкІым, и хъэтІыр зыхуэдэм я гугъу пщІымэ, и гупсысэхэр здынэсыр жыпІэмэ - а псори къыхощ усакІуэм и къалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэхэм.



● ЩІыпІэцІэхэр

БзэщІэныгъэр ди тегъэщІапІэу

Адыгэ-абазэ-убых лъэпкъ зэрыбыныр ижькІэрэ зэрыса Къухьэпіэ Кавказым ноби дызыщрихьэлІэ фІэщыгъэхэм куэду яхэтщ «а»-кІэ къезыгъажьэхэр. Адэкіэ къыщытхьунухэри абыхэм ящыщщ.

ТІуапсы и гъунэгъуу

Агуий – апхуэдэу йоджэ хы ФІыцІэ Іуфэм Іус ТІуапсы къалэм и Іэхэлъахэр куэд щІауэ зи хэщІапІэ шапсыгъ жылэмрэ абы и гъунэгъуу блэж псымрэ. Ар и фІэщыгъэщ а жылэм щхьэщыт мэзылъэ Іуащхьэу метр 888-рэ зи лъагагъми. «Агуий гъуэгу» цІэр теІукІат Агуий, Псыбэ адыгэ къуажэхэр зэзыпхыу къекІуэкІа лъагъуэми. А щІыпІэм исхэм къагъэщхьэпэ «Агуияшъхь» («Агуий и псыхъуащхьэ») псалъэри.

ФІэщыгъэр къызытехъукІам екъэлІауэ еплъыкІэ зыбжанэ щыІэщи, абыхэм я гугъу тщІынщ. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкІэ, ар лІыхъужь гуэрым ираІуэкІ «гуей», «гуий» псалъэхэм къытепщІыкІащ. Шапсыгъхэм абыхэм кърагъэкІыр «хахуэ», «гушхуэ зыкІуэцІылъ», «лІыгъэ зыхэлъ», «щхьэмыгъазэ», «шынэ зымыщІэ» мыхьэнэхэрщ. Мыдрейхэм къызэрабжьмкІэ, мы цІэфІэщыр къуажэр бгитІым я зэхуаку зэрыдэтым къытехъукІащ.

Швейцарием щыщ франджыхэм къахэкІа, геолог-тхакІуэ икІи зекІуэлІ Дюбуа-де-Монпере 1833-43 илъэсхэм къитІасэу Кавказым зыбжанэрэ къэкІуат. А гъуэгуанэхэм триухуа и тхылъым ихуа «Aughuie» псалъэр абы ТІуапсы и гъунэгъуу хым хэлъэдэж псым ирипхырт, икІи ар («Агуий» фІэщыгъэр) XVIII лІэщІыгъуэм и кІэхэм лъэужьыншэ хъуауэ къабжа гъуае адыгэ лъэпкъым и цІэм къытепщІыкІауэ къилъытэрт. Къыхэдгъэщ зэрыхъунумкІи, 1864 гъэр къихьэху, Шахэрэ ПсыфІыпэрэ (Псезуапсе) я зэхуаку дэлъ Іэхэлъахэм дэса шапсыгъхэм яхэтащ «гъуае» цІэфІэщым къафІытена лІакъуэм щыщхэри.

ДекІуэтэкІынщи, XIX лІэщІыгъуэм псэуа адыгэ тхакІуэ, лъахэдж цІэрыІуэ икІи тхыдэдж Хъан-Джэрий «Агуий» фІэщыгъэр нэхъ зытригъахуэу къыдэгъуэгурыкІуар «Акуе» къэпсэлъыкІэрт, къызэрыгурыІуэу щытауэ языныкъуэхэм хуагъэфащэри «хыІуфэрыс» егупсысыкІэм хуэкІуэу абхъазыбзэм хэт «агъауаа» псалъэрщ.

Агуий хы ФІыцІэм щыхэлъэдэж и псыІур ТІуапсы къалэм километри 8-кІэ пыІудзащ.

Ажьо хэкужь – шапсыгъ фІэщыгъэщ, хы ФІыцІэм хэхуэж Ашэ бгыщхьэхэмкІэ къедза и Іэхэлъахэм щыІэщ, «Ажьохэ я хапІэжь» жыхуиІэщ. Лыгъуэтх шапсыгъ къуажэм пэжыжьэкъым.

Азыгъуч – Псыбэ и сэмэгу лъэныкъуэм Іут лъагапІэщ. Мы жыІэкІэм и япэ Іыхьэмкіэ зэхэухуэна щІыпІэцІэ зыбжанэ а Іэгъуэблагъэм щыщыІэщ. Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ мыхэри:

«Азипс» - псы цІыкІур (Апостолов), «Азюпсь» - Убын хэхуэж псы бгъунжыр (Люлье), «Азжьхе» - Пшышэ хэлъадэр (Хъан Джэрий), нэгъуэщІхэри.

Азып – шапсыгъ къэпсэлъыкІэщ, Агуипс (Агупс) и ижьырабгъу лъэныкъуэмкІэ щежэх псынэпсым аращ зэреджэр. Мы Іэгъуэблагъэм и гъунэгъущ Азыпэтх бгы екІуэкІри, абы и щыгу Азыпэтха(ы)хъу хъупІэри.

Азыпэ ичІыгъу (икІыгъуэ) – Пшыш псым тыншу ущызэпрыкІ хъу щІыпІэм а цІэр теІукІащ. Языныкъуэхэм зэрытрагъахуэмкІэ, азы – пычыгъуэр абазэбзэм хэт адзы – псы псалъэм къытепщІыкІащ.

Сочэ и Іэхэлъахэм

Хы ФІыцІэм къуэкІыпІэмкІэ щыІэ и псыІум, къызэрехым хуэдэу къедбжэкІынщи, абазэхэр, убыххэр, адыгэхэр илъэс мин бжыгъэкІэ зэдыІусыгъащ. Абы кърикІуащ зым и бзэм адрейр ирипсалъэу къызэрызэдекІуэкІари, язныкъуэ жыІэкІэхэр къабгъэдэсхэм къызэращтари, лъабжьэ зэмыфэгъухэр щІыпІэцІэхэм зэрыщызэщІэувари.

Сочэ и Іэхэлъахэм къыщапсэлъ фІэщыгъэхэм яхэтщ а лъахэм щыІуа убыхыбзэм, садзхэм (абазэ лъэпкъщ) я бзэм, адыгэбзэм къахэкІа псалъэпкъ зэхэухуэнахэр. Къэтхьынщ а щІыкІэм тету къэхъуа зыбжанэ.

Атакъэзау (Адакъэзауэ)

Бзыч (убыхыбзэщ, «псы щІыІэ» къызэрыкІщ) псы цІыкІур Шахэ щыхэлъэдэжым ищхьэхэмкІэ къедза Іуащхьэм зэреджэщ. Мы Іэгъуэблагъэрщ ущыхуэзэр «АтакъэзэуапІ» фІэщыгъэр зыхуагъэфэща къыр дзакІэжь зэупсеяхэми.

Ачишхо - Шыщхьэ

Мы фІэщыгъэр зытеІукІа шытхымрэ Іуащхьэмрэ Мдзымтэ къуршыпс уэрыр хъухъущыщу щешкІурэх къуэм икухэм хуэзэу къыщхьэщытщ.

Ворошилов Владимир и Іэдакъэщ1экІ «Топонимы Российского Черноморья» тхылъым зэритым тедгъащІэмэ, «ачи» Іыхьэр адыгэбзэм хэт «ажэ» псалъэм хуэгъэкІуапхъэщ, «шхо» жыІэкІэр «лъагэ», «лъагапІэ», «аранэ» зыгурыгъэІуэкІэхэм тегъэхуапхъэщ.

АтІэми, лъахэджхэм яхэтщ мы Іуэху бгъэдыхьэкІэмкІэ арэзы мыхъухэри. Япэрауэ (зэрыжаІэмкІэ), Мдзымтэ и тІуащІэм, «Къуэбыдэ» («Красная Поляна») жыхуаІэри хыхьэу, 1864 гъэ пщІондэ дэсыгъар адыгэхэр «мудэвей»-кІэ (медовеевцы) зэджэу къэгъуэгурыкІуахэрщ, зэрыпсалъэу щытыгъари абазэ-абхъазхэм я бзэ къуэпсхэм язщ. ЕтІуанэрауэ, дызытепсэлъыхь бгым и щыгумрэ абы къегъэщІылІа шытхымрэ я сурэтыр ажэм и теплъэм, ауэ жыжьэуи, хуэкІуэкъым. Ещанэрауэ, «шхо» - «шхуэ»-м адыгэбзэкІэ къикІыр, зэрынэрылъагъущи, «иныжьхуэ» егупсысыкІэрщ, армыхъуамэ «лъагэкъым» икІи «лъагапІэкъым».

Иужьрейхэм къызэралъытэмкІи, ди япэ ита ди нэхъыжьыфІхэр (абхъазхэри адыгэхэри) а лъагапІэхэм зэреджэнкІэ хъуну щытыгъар абхъаз щІэныгъэлІ Инал-ипа Шалвэ (Щэлыуат) къигъэлъэгъуа Іуэху еплъыкІэм хуэдэрщ, нэхъри дгъэбелджылымэ, «Ачишхо» псалъэм къикІыр «Шыщхьэ»-щ. Ауэ щыхъукІи, а еджагъэшхуэм «ачи» Іыхьэр абхъазыбзэкІи, убыхыбзэкІи, абазэбзэкІи нэхъ зытедгъахуэ хъуну къибжар дэ, адыгэхэм, «шы» жыхуэтІэрщ, «шхо» Іыхьэр грамматикэ и лъэныкъуэкІи и ІукІэкІи (фонетикэкІэ) нэхъ зыхуэкІуэр абазэ-абхъаз-убых лъэпкъ зэрыбыным Іуащхьэм дызэреджэу къыддэгъуэгурыкІуа «щхъа» псалъэрщ. АтІэми, ди бзэгъуэхэр зыщыгуфІыкІын хуейуэ сэ къэслъытэр, мы щІыпІэцІэм и зэхэлъыкІэр абы ещхьу адыгэбзэм хэт псалъэхэм зэраблагъэрщ: «ачы» - «чы» - «шы», «Іуащхьэ» - «бгыщхьэ» - «шхъа». Абы нэхъри нэрылъагъу тщещІ ди бзэхэм (жьы дыдэми) зы лъабжьэ зэраІар.

Ажэ-къуэ – Ажы-къуэ – Ажек

Сочэ зи фІэщыгъэ псым ижьрабгъу лъэныкъуэмкІэ къыщыхэхуэж и къуэпсхэм язщ. Іыхьитіу зэхэт фІэщыгъэм и къэхъукІэм ехьэлІауэ еплъыкІэ зыбжанэ щыІэщ. Абыхэм ящыщ зым и гугъу тщІынщи, «ажы»-м убыххэм я бзэкІэ кІикІыр дэ, адыгэхэм, «уэс» жыхуэтІэрщ, «къуэ»-м, зэрытщІэщи, ди бзэм мыхьэнэуэ тІу щиІэщ: «и бын» зыгурыгъэІуэкІэмрэ «тІуащІэ» е «къуэладжэ» къызэрыкІымрэ. Араща, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм и телъхьэхэр зэрегупсысымкІэ, фІэщыгъэр къызэрыдгурыІуэ хъунур «уэс Іэшкіэм къигъэщІа псы цІыкІу», «уэс бын», е «уэсыр щІэх зыдэмыбзэхыкІыж къуэладжэ» жыхуиІэхэрщ.

АтІэми, нэгъуэщІ еплъыкІи щыІэщ. Къызыхэкіа лъэпкъым ижькІэрэ къыдекІуэкІа щІыпІэцІэхэр зэхуэхьэсыжыным илъэс куэдкІэ яужь ита ди лъахэгъу КІуэкІуэ Жэмалдин зи гугъу тщІы псы къуэпсым зэреджэр зыхуигъэкІуар къурш псэущхьэу «ажэ» жыхуаІэм «я зэхуэсыпІэ къуэбэкъу» мыхьэнэм техуэущ.

Ди адэжьхэм я щІыналъэм и фІэщыгъэхэм ящыщу зэрамыхъуэкІахэм я зэхэухуэнэкІэр зыфІэтелъыджэу, я зэхэгъэувэкІэр зэхэщІыкІыным зэманышхуэ езыгъэхьа лъахэхутэ Ворошилов Владимир «Топонимы Российского Черноморья» и тхылъым къызэрыщигъэлъэгъуамкІэ, фІэщыгъэр щІыпІэдэлъху убыххэм я деж зэрыщыІуу щытар «ажэ-къуэ» жыІэкІэм техуэущ. АтІэми, «ажэ»-р абыхэм я бзэм зэрыхэтыр дэ, адыгэхэм, «щІыхь» жыхуэтІэрщ. Ауэ щыхъукІи, щІыпІэцІэр «щыхьым и къуэ цІыкІу» е «щыхьхэр куэду щызэхэзекІуэ псыхъуэ» жыхуиІэщ.

Анэкъуэпсы - Анакопсы

Хьэджыкъуэ (Хьэжыкъуэ) шапсыгъ къуажэм блэж Ашэ сэмэгумкІэ къыщыхэлъадэ псы зэреджэм екъэлІауэ еплъыкІэ зыбжанэ щыІэщ.

Лъахэджхэм я нэхъыбэм зэрыхуагъакІуэмкІэ, цІэфІэщыр Іыхьищу зэхэтщи, япэр хуэтхьыпхъэщ абазэ-абхъаз-убыххэм я бзэхэм зэдыхэт «Ан/Ана» псалъэу тхьэхэм ящыщ зым зэреджэу щытыгъам. ЕтІуанэр, зэрынэрылъагъущи, адыгэбзэм и Іукіэ псоми щыхалъагъуэ «къуэ» жыІэкІэм хуокІуэ. Ар къызэрыдгурыІуэр тІууэ зэщхьэщокІ: япэр – «къуэладжэ», «къуэкІий», «тІуащІэ» мыхьэнэхэм техуэрщ, етІуанэр – «бын», «щІэблэ» жыхуаІэрщ. «Анэкъуэпсы» фІэщыгъэм и ещанэ Іыхьэри хэту къризэщІэткъуэжмэ, дызыхэплъэ щІыпІэцІэм и етІуанэ-ещанэ Іыхьэ «къуэ-псы»-р лъахэджхэм я нэхъыбэм зыхуагъэкІуэжыр «псыр зыдэт къуэ» е арыххэу «псы ежэх» жыхуэтІэрщ. Араща, щІыпІэцІэр къызэрыдгурыІуэ хъунур «Ан/Анэ тхьэм и псы къуэкІий» мыхьэнэм хуэкІуэущ (ищхьэкІэ зи гугъу тщІа лъахэхутэхэм зэрагъэувам дытехьэмэ).

ФІэщыгъэм ехьэлІауэ нэгъуэщІ егупсысыкІи щыІэщ. Псалъэм папщІэ, КІуэкІуэ Жэмалдин 1974 гъэм къыдигъэкІа «Адыгская (Черкесская) топонимика» и тхылъым зэритым тетщІыхьмэ, «Анэкъуэпсы» цІэфІэщым и къэунэхукІэр «Анапэ» фІэщыгъэм и къэхъукІэм тохуэ. ТІуми хэт «ана» Іыхьэр КІуэкІуэм зыригъэщхьыр убыххэр псы ежэхым зэреджэу щыта «анохье» псалъэмрэ абхъаз щІыпІэцІэ зыбжанэу а едзыгъуэмкІэ къыщІидзэхэмрэщ: «Ана-хьэ», «Ана-къэпстэ» («ана-къэ» - «мыл джей»).

Ауэ щыхъукІи, псыцІэр этимологие и лъэныкъуэкІэ и кІэм нэсу зэпкърыха хъуакъым.

Лабэрэ Инжыджрэ я Іэхэлъахэм

Ажэкъуэ - мы фІэщыгъэм дыщрохьэлІэ Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм ищхъэрэкІэ гъэза и щІыналъэми. Псалъэм папщІэ, апхуэдэу йоджэ Лабэ хэлъэдэж псы бгъунж щІыкІумрэ ар зыблэж хъупІэмрэ.

Ажийхэ я псынащхьэ – Инжыдж щІыкІу и Іуфэм Іус ПсэукІэдахэ адыгэ-абазэ къуажэм и ипщэ-къухьэпІэмкІэ щыІэ псынэщ. «Ажий» псалъэр абазэбзэм къытехъукІащ.

Ажэжьбэкъу – Лабэ и адрыщІ лъэныкъуэмкІэ щыпсэу къэбэрдей адыгэхэр апхуэдэу йоджэ КІыщейрэ (Киша) Уэрыстэнрэ (Уруштен) я зэхуаку дэт шытхым зэгъунэгъуу тет Іуащхьэжьитіымрэ а тІур зэпызыщІэ гузэпыщІэмрэ. Хуэдэ къэбэрдей жылэм удэту уолъагъу.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

ЦІыхубэ усакІуэм хужаІахэр

КІыщокъуэ Алим, *Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ:* - Бицум и усэхэм фІагъыу яхэлъщ ахэр къуэпсыбэкІэ лъахэм зэрыпыщІар, и лъэхъэнэгъухэм я гурылъ-гурыщІэхэр акъыл жанкІэ къипхъуатэурэ, ахэр гурыщІэ инкІэ зэщІиузэдэжурэ щІэджыкІакІуэхэм гурыхьу зэрабгъэдилъхьэжыфыр.

Коваленков Александр, *усакІуэ:* Бицу Анатолэ псалъэ дахэ зэІущэкъым - ар тотхыхь езыр фІыуэ зыщыгъуазэ Іуэхугъуэхэм, и псэкІэ зыхищІахэм, аращ сыт щыгъуи щІэгурыІуэгъуэр, щІэщыгъуэу щІыщытыр.

Долматовский Евгений, *урыс усакІуэ:* Бицур гъащІэм хуэнэжанщ. Абы и лирикэм гъунэжу ущрохьэлІэ узыгъэпІейтей, гукъинэж къыпщыхъу зэгъэпщэныгъэхэм. Абы и дэтхэнэ усэми поэзием и дамыгъэ телъщ.

Сокъур Мусэрбий, *критик:* - Литературэм къалэм хуэзыщтэ дэтхэнэми цІыхухэм я ущиякІуэ цІэр зыфІищыжу аращ. Апхуэдэ борш зи пщэ дэзылъхьэжьм щхьэзыфІэфІ «хуитыныгъэр» Іэщ1ыб ещІри, цІыхубэ утыкум къохьэ лъэныкъуэ псомкІи зэпэплъыхьыгъуафІэу. Арат «сызыхуей-сызыхуэфІым» и пІэкІэ «цІыхубэр зыхуей-зыхуэныкъуэр» усакІуэр зэрыпсэу хабзэу щІэувыр, и Іэщ1агъэм мыувыІэу щІегупсысыр... Бицум Іэзагъэ «гъущэм» зриту псалъэ гъэщІэрэщІэн фІэфІкъым... УсакІуэр дэзыхьэхыр гукъэкІ ищІар гупсысэ куум хуишэнырщ, Іуэхугъуэ къищтам лъабжьэ езыт фащэхэр къигъуэтынырщ, и мурадыр щызу къиІуэтэнырщ.

Эфендиевэ Тамарэ, *критик:* - Иджырей адыгэ поэзием езым и увыпІэ щхьэхуэ щеубыд Бицу Анатолэ. Ар дунейр псэкІэ зыхэзыщІэ, зыгъэщІэращІэ художникщ - романтик-лирикщ.

Тхьэгъэзит Зубер, *КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ:* - Бицу Анатолэ и Іэдакъэщ1экІхэм псом япэу гу зылъозыгъатэу хэлъщ абы езым и дуней еплъыкІэ, и гупсысэкІэ, и образ гъэпсыкІэ, зыми емыщхь и хъэтІ зэриІэжыр. Сыт хуэдэ Іуэхугъуэми трыретхыхь - Хэкум, мамырыгъэм, зауэ блэкІам, лъагъуныгъэм - абы дапщэщи къегъуэтыфэ гупсысэщІэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, ахэр тхылъеджэхэм я гум дыхьэн, къишхыдыкІын хуэдэу.

Къагъырмэс Борис, *усакІуэ:* - Бицур ящыщщ ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, КІуащ БетІал сымэ адыгэ поэзием щыпхаша гъуэгуанэм ирикІуэхэм, нэгъуэщІу жыпІэмэ, зэхэщІыкІыгъуэу, гупсысэ Іущхэр щІэлъу, псалъэ Іуэнт1а-шэнт1ахэр хэмыту тхэ усакІуэхэм. Анатолэ и усэхэм укъыщеджэкІэ, Іэмал имыІэу гу лъыботэ абы и лирикэ лІыхъужьыр зэрыгупцІанэм, зэрыгумащІэм, зэрыпсэ къабзэм, зэрыцІыху пэжым.

Елгъэр Кашиф, *тхакІуэ:* - ЩІалэщІэ дыдэу и тхылъыр къыдигъэкІри (1969 гъэ), адыгэ литературэм къыхыхьат зи дуней еплъыкІэ, зи усэ гъэпсыкІэ, зи дамыгъэ зиІэж усакІуэ гъуэзэджэ Бицу Анатолэ. Абы щыхьэт техъуэрт усакІуэм и дэтхэнэ зы тхылъыщІэри, къихьэху, къыдихьэх тхылъеджэхэми я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту зэрыщытри, абы и зыузэщІыкІэм кІэлъыплъ нэхъыжьыфІхэмрэ критикхэмрэ ар гулъытэншэу къызэрамыгъанэри.

Бицу Анатолэ къыдигъэкІа тхылъхэм яхуэфащэ пщІэ щагъуэтащ Налшыки Мэзкууи. Абы и творчествэм мызэ-мытІэу гуапэу тепсэлъыхьащ ди усакІуэ, тхакІуэ нэхъ пажэ дыдэхэр. Толэ хужаІа, хуатха псори зыхуэкІуэжыр зы Іуэхугъуэ нэхъыщхьэщ: адыгэ усыгъэм и гъуэгум фІыкІэ пызыщэн, дунейм и къэхъукъащІэхэр, цІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэр екІуу къэзыІуэтэфын, зи усэбзэ, гупсысэкІэ зиІэж, зи зэфІэкІыр, Іэзагъэр зэпымычу ефІакІуэ усакІуэ дызэриІэрщ.



КІыщокъуэ Алим и гъусэу.

Созаев Ахъмэт, *усакІуэ:* - Къэбэрдей усыгъэм зи псалъэ щыжызыІэфа усакІуэщ Бицу Анатолэ. Зыми хэгъуащэркъым абы и усэмрэ и псалъэмрэ - ахэр зи гущІэм къиІукІар зэры-Бицум занщІэу гу лъыботэ. Куэдым къехъулІэркъым ар, куэдым я натІэм къритхэркъым апхуэдэ насып. Апхуэдэ насыпкІэ къэхъугъэр зыхуэупса усакІуэхэм ящыщщ Анатолэ. Сэ ар яхызобжэ Къэбэрдей усыгъэм и гъуэгур зыгъэбжьыфІэ усакІуэ цІэрыІуэхэм.

ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ:* - Бицум и усэхэм яхэлъ хуабагъэр дапщэщи сакъыу къигъэсэбэпу зытетхыхь Іуэхугъуэхэм къыхощ, абы къыхэкІыи усакІуэм и Іэдакъэщ1экІхэр ауэ сытми итха тхыгъэкъым, атІэ ар абы и гупсысэ куухэм къапкърыкІащ.

Бицу Анатолэ лирикэ куу, дахэ, гум имыхуу къинэ зи Іэрыкіщ. Абы и усэхэр макъамэкІэ псыхьащ, абыхэм яхэлъщ гъэпсыкІэ ритм жан. ЖысІэну сыхуейт иджырей Къэбэрдей уэрэд цІэрыІуэхэм ящыщ куэдым лъабжьэ яхуэхъуар а усакІуэм итхахэр арауэ зэрыщытыр. Хэт зымыщІэр ди адыгэ уэрэдхэм я нэхъыфІ зы «Уэсыр къос» жыхуиІэр. Ар Бицум итхауэ ХьэІупэ Джэбрэил музыкэ зыщІилъхьаРщ.

А уэрэдыр илъэс зыбжанэ хъууэ концертхэм щегъэзащІэ Тут Заур. ХьэІупэм и закъуэкъым Бицум и лирикэ нэхум дихьэхар, атІэ романс дэгъуэ зыкъом итхащ композитор Жырыкъ Заур. Бицум и поэзиер фІыкІэ хыхьащ композитор нэхъыжьхэу Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин сымэ я творчествэм. Уэрэд куэд итхащ усакІуэм и псалъэхэр щІэлъу композитор Къэзан Аслъэнджэрий.

УсакІуэ Бицу Анатолэ и поэзиер зэрыдахэм хуэдэу езыри и хьэлкІэ, и цІыху щІыкІэкІэ дахэщ. ЖыпІэ хъунущ усакІуэмрэ абы и творчествэмрэ зы къупхъэм къызэрикІар.

Къэрмокъуэ Хьэмид, *критик:* - Бицу Анатолэ и гуащІэр къэбэрдей усыгъэм и лъагапІэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым шэч къытрахьэркъым ди литературэм иужьрей илъэсхэм къикІуа гъуэгуанэр зыдж щІэныгъэлІхэм. Абыхэм къызэрахутащи, къэбэрдей усыгъэм и гуащІэр къебл зэпытурэ зыщиужь лъэхъэнэщ дэ дызэрытыр.

А лъэхъэнэм и кІуэцІкІэ я макъыр зэрыубыдащ, я къалэмыпэм усыгъэ хьэлэмэт куэд къыщІэкІащ усакІуэ гуащІафІэ гупышхуэм. Абыхэм къахэжаныкІ усакІуэхэм ящыщщ Бицу Анатолэ.

БИЦУ Анатолэ

Шулъагъуэ

И къуацэ-чыцэр пхиупщІыкІыу,
Хэт Жыгей мэзым пхырыкІар?
Сэмэгу зыхуищІу Выщхьэфіэчым,
Бырамытэмкіэ екІуэкІар?

Дыгъужьыкъуеймрэ Налшыкрэ
Абы шу лъагъуэ яку дилъхьащ,
Лъэс Іэджи, шу лъагъуэм темыкІыу,
Гъуэгу кІэщІкІэ Налшыкым дыхьащ.

Сэ пщІэ хузощІ а цІыхум, хэтми, -
Зи лъагъуэм «Шулъагъуэ» фІащам...
«Шыхулъагъуэ» жытІэу уэгум итри
Апхуэдэ гуэрым къигъэщІащ.

Андемыркъану шэч сощІ ар...
Пхызошыр сэри лъагъуэ гуэр.

КІуэцІрыкІыбжэ

Дэнэкіи хуейр къыщыдыхьэу,
Дэнэкіи хуейр щыдэкІыжу,
Іумыту зы куэбжи бжыжьи,
Си пщІантІэр – кІуэцІрыкІыбжэщ...

КъызэмыупщІу сэ зыкіи,
Къыдыхьэу гуауи гуфІэгъуи,
Ар зэІухащи сыт щыгъуи,
Мы сигури – кІуэцІрыкІыбжэщ...

КІуэцІрыкІыбжэр сфІэІейкъым –
Къысхуокіуэ хьэщІэу хэт хуейми.
Ауэ къызет зы гукъеуэ –
СеукІыр сэ жьыІэпеуэм.

* * *

Игъащ1эм зыри сыущэхуакъым,
ЖысІащ сэ нахуэу сигу къэкІар.
«Хьэл мыгъуэ» а къэзмыщэхуам сэ
И зэран Іэджи къызэкІащ.

А хьэлыр къысхилъхьат си адэм,
Си анэр ар сэ къысхилъхьат...
«Кърекі къикІынумэ си кІуэдыр!» -
ЖысІэу, мыл Іэджэ сытехьащ.

«ПэжщІэкъуэху» сыкъыщыщхьэщыжхэм,
Нэсамэ и нэм Іуэхур, - «садзт»:
Зэбгырыжьжт тхьэкІумэкІыхьуи,
Сэ зесхуэу си мыІуэху къыщІидзт...

ИтІани сэ сытетщ си хьэлым,
Абы къикІынуми си кІуэд!
«ФлъэкІынум тІэкІу сщхьэщыфх
си хьэлъэр»,
ЖызыІэу дунейм тетыр куэдщ.

ЦІыху захуэ гуэр хьэІупс ящІакъэ? –
Сэ Іуэху сиІэнкъым афІэкІа.
Игъащ1эм пэжыр схуэбзыщІакъым,
- Къэхъуащ си псалъи щыпхыкІа...

Мы дуней бзаджэм зы цІыхупсэ
Сэ къезгъэлынырщ сыщІэпсэур.
Си усэ тІэкІури сэщхьыркъабзэщ...
Яхурещхьэпэ къахуей псом.

* * *

Сымыгупсысэу сыщыпсалъэ,
Зызмыплъыхьауэ сыщытІыс
Сэ къысхуихуами сыщыщІалэм,
Сыхъуа хъунщ нобэ нэхъ зэтес.

Зызгъэгубзыгъэу абы къикІкъым,
Зызгъэбалигъыу аркъудейщ.
Дыгъуасэм сызэреплъа нэкІэ
Семыплъ си нобэм, си пщэдейм.

Сэ сиплъэрейщ иджы уэгу лъащІэм,
Гумащ1эу щІыр къэсплъыхьырейщ.
Си нэпс нэхъыбэрэ солъэщІыр,
Сыт сщІэнур – кхъэхэм сихьэрейщ.

Сыхъуапсэ мыхъумэ, сымыфыгъуэ,
Сегугъуу, си щхьэ Іуэху сощІэж.
Ныбжьэгъум къехъулІамэ фІыгъуэ –
Сохъуэхъури Іэплі и хузощІыж.

Ирей ар хамэм, ирей благъэм,
Я гуауэр цІыхум си псэм телъщ.
**Псом япэ изогъэщ гуапагъэр

Зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Шейм и къежьапІэр

ШЕЙМ и къежьапІэу къалъытэ Китайр. Абы и пащтыхьу щыта Нуну Шень япэу игъэвауэ щытащ ар ди эрэм ипэкІэ 2700 гъэм. МафІэм деж псы къыщигъэвэну тригъэувэри, абы зэрымыщІэкІэ хэлъэлъащ жыгым къыпыщэща тхьэмпэхэр. Ар пащтыхьым гъэщІэгъуэн щыхъуащ икІи тхьэмпэхэм псыр къыщІигъэвыкІащ. Ефэри, икъукІэ гурыхь щыхъуащ. А Іуэхум и ужькІэ, Китайм зыщрагъэсащ шейудз ягъэкІыу, ар къагъэсэбэпу.

XVI лІэщІыгъуэм Китайм и деж япэу шей къыщищэхуу щІидзащ Голландием. Уеблэмэ къэралыгъуэхэм зэгурыІуэныгъэ зэраухылІат - Голландием Китайр пиратхэм ящихъумэрт, абы къыпэкІуэу Китайр Голландием дэІэпыкъурт шей хьэрычэтыр зэтригъэувэнымкІэ. Японием шейр нэсауэ къалъытэ ди эрэм ипэкІэ 8-нэ лІэщІыгъуэм ирихьэлІэу. 1728 гъэм Индием шей къагъэкІыу зрагъэсэнымкІэ къыдэІэпыкъуащ Голландиер, Инджылызми шейр къэзыгъэсар Голландиерщ.

Урысейм шейр къыщыунэхуащ Европэм ипэ, ауэ КъуэкІыпІэм иужькІэ. XVI лІэщІыгъуэм мащІэ дыдэу шейр къэралым къыщрахьэ щыІэт тыгъэу. 1567 гъэм Китайм щыІа къэзакъ атаманхэу Петроврэ Ялышеврэ китай пащтыхьым къыбгъэдэкІыу урыс пащтыхьым къыхуашащ пхъуантэжьей гъэщІэрэщІам дэлъ шей гъуэжьыр. 1638 гъэм урыс лІыкІуэ Старков Василий пащтыхьым монгол хъаным къыхуигъэхьат шей килограмм 64-рэ. 1665 гъэм шейкІэ еІэзэрт сымаджэ хъуа пащтыхь Романов Алексей. Ауэрэ шейр Сыбырми нэсащ. XVII лІэщІыгъуэм Урысейм шей щефэрт боярхэмрэ абыхэм я блыгущІэтхэмрэ. Шей ящэрт сондэджэр къулейхэм. XVIII лІэщІыгъуэм шей къэзыщэхуфхэм яхыхьащ лІакъуэлІэшхэри. XIX лІэщІыгъуэм шейр Урысейм щызэлъащІэсыпащ.

Пётр Езанэм и пащтыхьыгъуэм Урысейм шейр нэхъри цІэрыІуэ щыхъуауэ щытащ. 1707 гъэм абы щэхуакІуэ чэруан Китайм иутІыпщат, шей Іуэху зэрахуэну. Урысей хьэпшыпхэр абы шейкІэ е дыжьынкІэ къыщахъуэжырт. XVIII лІэщІыгъуэм и кІэухым ирихьэлІэу Урысейм Китайм къришырт илъэсым къриубыдэу шей тонн 327-рэ.

Нэхъапэм Урысейм щацІыхуу щытар шей гъуэжьрэ удзыфэрэщ. Щефэкіи фошыгъу хадзэртэкъым. Абы къыхэкІыу, бзылъхугъэхэм зыкъомрэ гурыхь ящыхъуакъым ар - яфІэдыджт. Урысейм хабзэ щыхъуащ шейм умыпІащІэу, ууэршэрурэ уефэныр. Шей ефэныр яуха нэужь, зыкъызэрырагъащІэ Іэмалхэри щыІэщ. XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм хьэщІэм шей зэрефа Іэгубжьэр иІубрэ шейщІэтым иригъэувэжамэ, зэрырикъуар къригъэкІырт. Иужьым, Европэм щапхъэ трахри, Іэгубжьэ нэщІым бжэмышхыр иралъхьэу къаублащэ, шей ефэн зэраухам и щыхьэту. ЕмыкІуу къалъытэрт Іэнэм упэрысу шейм уепщэурэ бгъэупщІыІуныр, Іэгубжьэм макъ ищІу ебудэкІыурэ шейр зэІыпщІэныр. XIX лІэщІыгъуэ пщІондэ Урысейм щрафу щытар китай шейщ. ИужькІэ, къашэу щІадзащ Индием, Цейлоным я шейхэри.

Япэу шей губгъуэхэр къыщыунэхуащ Батуми, Краснодар крайм, Азербайджаным. 1913 гъэм Урысейм щыІэт шей фабрики 5. Абыхэм ящыщ зым Париж щыІа дунейпсо шей гъэлъэгъуэныгъэм тыгъэ къыщихьауэ щытащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Бзу анэм и уэрэд

САБИЙХЭМ папщІэ япэ адыгэ мюзиклыр КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэхэу Къул Амиррэ Вындыжь Мариерэ зэдатхащ. Псалъэхэр Марие итхащ, макъамэр Амир щІигъэуващ. Уэрэдым и псалъэхэр, нотэхэр, сурэт щхъуэкІэплъыкІэхэр щызэгъэкІуа сабий тхылъыр Творческэ гупсысэхэр дэІыгъыныкІэ ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и сэбэпкІэ къыдагъэкІащ. «Бзу анэм и уэрэд» фІащащ мюзиклым.

Бзу анэмрэ бзу адэмрэ я шырым уэрэд цІыкІу хузэхалъхьащ. Ар зэдежьууэ езыхэми я шырми жаІэурэ бзу цІыкІур Іэфіу мэжеиж. Арщхьэкіэ бзу уэрэдыр къуаргъыжь гуэрым къидыгъуащи, бзу шырыр жейм езэгъыжыркъым. Бзу адэм макъамэ Іэмэпсымэр къуаргъым къытрихыжащ. Мэзым бзууэ щІэсым ар къагъэгугъащ а уэрэд дахэр къуаргъым ирагъэщІэну, гуапагъэм хуаущиину. «Бзухэр псори дызэкъуэшщ, дызэкъуэтщ» - гурагъаІуэ абы. Мыращ мюзиклым и гупсысэр, ар кІэщІу къэпІуатэмэ.

- Бзухэм я образымкІэ мюзиклым къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, пцІы умыупсу, умыдыгъуэу, умыфыгъуэу псэ хьэлэлкІэ дунейм утетмэ, ныбжьэгъу куэд уиІэнущ, уи гъащІэри нэхъ гъэщІэгъэуну, нэхъ дахэу щытынущ. Ныбжьэгъу куэд уиІэныр - ар къулеягъэщ, зэкъуэтыныгъэр - ар лъэщагъщ. Дэ дыхуейщ апхуэдэу ди ныбжьыщІэ цІыкІухэр фытлъагъуну!» - щатх тхылъыр зи Іэдакъэщ ІэкІхэм щІэджыджакІуэхэм зэрызыхуагъазэ «Ди ныбжьэгъу цІыкІухэ!» жыхуиІэ Іыхьэм.

Тхылъ цІыкІум макъамэ нэжэгужэр щІэзыгъэува Къул Амир Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Ар уэрэдусщ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Курыт еджапІэм щІэсу макъамэ тхыным дихьэхауэ щытащ. Налшык макъамэ училищэр къыщиухащ, Санкт-Петербург Щэнхабзэмкіэ и академием ехъулІэныгъэ иІэу щеджащ. Къул Амир уэрэдым и театр «АмикС» гупым и унафэщІщ. Уэрэд куэдым макъамэ щІигъэуващ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм яхуэгъэзахэри. «Жьыбгъэм и сурэтхэр» сабий балетым, «Шырэ» телефильмым макъамэ щІэзыгъэувар Амирщ.

Япэ сабий адыгэ мюзиклым и псалъэхэр зытха Вындыжь Марие Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. УсакІуэуэрэдусщ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкІэ и къудамэр къиухащ. 1970 гъэм «МакъыщІэхэр» жыхуиІэ республикэ зэпеуэм япэ увыпІэ къыщихьауэ щытащ. Марием и япэ тхылъым фІищауэ щытащ «Сабиигъуэ гъуэгу». ЦІыкІухэм яхуэгъэзауэ итха уэрэд 56-рэ щызэхуэхьэсащ абы.

НАФІЭДЗ Данэ.

Кавказыр зыхъумахэр

Урысей лъэпкъ гвардиер къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 10 зэрыхъум и щІыхькІэ, ведомствэм хэмыт хъумакІуэ Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэр, ветеранхэм я щІыналъэ советым и тхьэмадэ, полковникыу полицэм къыхэкІыжа Хужьокъуэ Руслан ящІыгъуу, Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэм хэкІуэда совет сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я фэеплъым деж щызэхуэсат иджыблагъэ.

ІУЭХУР щекІуэкІащ Налшык и Дэшхуей хадэм щагъэува «Налшык Дзэ Щ Іыхьым и къалэщ» фэеплъым деж. Мрамор стелэр 1942 - 1943 гъэхэм къалэр зыхъумахэм я хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ я дамыгъэщ. Абы щыгъуэ а зауэ гуащІэм хэкІуэдащ цІыху мини 9-м щІигъу.

- А зауэр гущІэгъуншагъэрэ лей зехьэнкІэ нэхъ гуащІэу щытахэм ящыщу дунейпсо тхыдэм къыхощыж. Хэкур хъумэным лІыгъэ яхэлъу пэрыувахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэри, - яжриІащ Хужьокъуэ Руслан зи щІалэгъуэ росгвардейцхэм.

Къызэхуэсахэм ягу къагъэкІыжащ ТекІуэныгъэ Иныр къэхьынымкІэ ди щІыналъэм щекІуэкІа зауэм иІа мыхьэнэшхуэм. Налшык къалэр зыхъумахэмрэ хуит къэзыщІыжахэмрэ я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъри, лІыхъужьхэм дакъикъэкІэ яхуэщымащ.

Зыгъэхьэзырар **БАХЪСЭН Азэмэтщ.**

● Абы дегъэпІейтей

Дыхуэвгъэсакъ ди жьэм

Псалъэ фІейм пкъыр щІегъалІэ, псалъэ дахэм гур хегъахъуэ. Іуэху цІыкІу ди гугъэжурэ Іуэхушхуэу къыщІидзыжу е Іуэху цІыкІуу къежьэурэ иужькІэ Іуэхушхуэм хуэкІуэжу, ди гъащІэм куэд къыщохъу. И чазум зыкъэдмыщІэжрэ, иужькІэ дыхущІегъуэжми, ди щІегъуэжыным зыри къимыкІыжу къэнэнущ.

ДЫЗЫГЪЭГУЗАВЭ Іуэхухэм я нэхъыбэр къыщежьэр унагъуэращ. ИужькІэ ар уэрамым къыдохьэ. Ауэрэ псори ецІалэри, «уз» яхуохъу. Іуэхур абы щынэсым деж, цІыху узышнэхэм зыри хамылъхьэжыф мэхъу. «Унэм зыщыгъаси, Хасэм яхьхьэ» - жыхуаІэращ. Нобэ зи гугъу тщІыну Іуэхугъуэри абыхэм ящыщ зыщ. Ар апхуэдизкІэ быдэу ди гъащІэм къыхьхьащи, емыкІууи къащыхъужыркъым. Зи гугъу тщІынур цІыхухэм я хъуанэбзэрщ.

ЦІыху хьэлыншэхэм, мыгъасэхэм, сэхъуахэм хъуэнэныр зыуи къащымыхъу хъуащ. ХьэлыфІэхэм, гъэсахэм ар кърамыгъэкІуми, уи тхьэкІумэм къиІуэр зэхомых зыпщІын? Аращи, уи тхьэкІумэм зэхихар уи щхьэм щыбогъэкІэрахъуэ, уи гум пхуимыгъэхуу къыбокІухь. ЩІалэгъуалэм хьэлыншэу, я жьэм къыжьэдэкІ фІейм кІэлъымыплъыжу, загъэзыгуэру ину псалъэу, къызыхэкІа лъэпкъым хуэмыфащэу зыщащІым и деж, уегъэхыщІэ, уеудынщІэ.

Хъуэнэнкіэ ерыщхэр цІыхухъуэращ, ауэ ахэри къуигъэщтэжыну цІыхубз щыІэщ. ЦІыхухъуи цІыхубзи щыхъуанэкІэ сабийхэр дэнэ кІуэжын?! Абыхэми хъуанэбзэ яжьэдэлъу къохъу. Ищхьэкіэ къызэрыщыхэдгъэщащи, унагъуэм, балигъхэм я дежщ къыщежьэр сабийхэм къажьэдэкІ псалъэ мыхъумыщІэхэр. «Ин жыІэ цІыкІу Іуэтэж», жыхуаІэм ещхьу, сабийм зэхимыха жиІэжыркъым. Уеблэмэ абы фІэІэбыкІыжи, сабийм апхуэдэ псалъэ фІей зэрыжиІэм иридыхьэшхын мурад иІэу, хъуанэбзэ езыгъащІи щыІэщ. «Мыр дауэ?» - жыпІэрэ уеупщІмэ, «ар иджыри сабийщ», жеІэри зегъэзэхуэж. Ар сабийми, уэ убалигъщ. Абы жиІэр хуэбгъэдахэ зэрымыхъунур къыбгурымыІуэну гугъу? Хъуанэр зи псалъафэ сабийм ар езыр-езыру зыхидзыжыну? ФІэщ щІыгъуейщ. Аращи, джэгухэурэ сабийхэр зэрагъэкІуэкІ, емыкІур екІуу къыщагъэхъу.

Иджыри зы Іуэхугъуэ. Акъылкіэ сэкъат зиІэ ялъагъумэ, псалъэ фІей жрагъэІэурэ иридыхьэшхыжхэу, абы нэхърэ нэхъ Іейжращи, сурэт трахыурэ ар цІыхухэм телефонымкІэ зэІэпах. ГущІэгъуншагъэщ икІи емыкІущ апхуэдэ пщІэныр.

«ЦІыхугъэ» жыхуаІэращ мы псор зэпхыжар. Ар Іэщ Іыб тщІымэ, хъуанэми емыкІу зэфэзэщу ди гъащІэм къыщыхъуми утыкур тфІаубыдынущ. «Жьэ лІыкІуэ нэхърэ щхьэ лІыкІуэ», жиІащ адыгэм. Акъылыр бзэм япэ итын зэрыхуейрщ зи гугъу ищІыр.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Хьэ сымаджэ елъэпауэркъым

Чэрим школым къикІыжри я деж дыхьэжащ. Дыхьэжыху гуфІэу я хьэр къыпежьэрти, и гугъащ ноби къыпежьэну. АрщхьэкІэ къыпежьакъым. Чэрим ар зыхуихьынур имыщІэу зиплъыхьри, хьэр чеишхуэм и къуагъым къуэсу къилъэгъуащ. Ар абы бгъэдыхьащ, хьэмбыІуу щхьэщытІысхьэри, и щхьэфэм Іэ дилъэуурэ еупщІащ:

- Щхьэ унэщхъей, си ПІутІэ дыщэ? КъоузІарэ, хьэмэ къоуаІа? ИІэт, къызжеІэт пэжыр.

И фалъэ лъакъуитІым телъ и щхьэр къиІэтри, хьэм жэуап къитащ:

- Хьэуэ, зыри къызэузыркъым. СыщІэнэщхъейр мыращ: ди гъунэгъум я хьэ си ныбжьэгъум зыгуэр зыдигъуэу щІидзэри бэнэн щигъэтащ. Зейм ар фІэфІ хъуакъым. Абы ар пщІантІэм къыдихуащ. Иджы а тхьэмыщкІэр кхъэм илъщ гурыму. Си гур щІоуз.

Абы хэту Чэрим и адэ Іэщ дохутыру лажьэр къыбгъэдыхьащ.

- Сыт къэхъуар? - щІэупщІащ ар.

Чэрим Іуэхур зытетыр щыжиІэм, ар зэгуэпащ:

- Зэрыгущ Іэгъуншэжь ар. ФыкІуи къафшэ. СеІэзэнщ. Хъужмэ, зыщІыпІи дымыгъакІуэу ди деж щыдгъэІэнщ.

Чэримрэ хьэмрэ гуфІэгъуэр яІэу, жэри тхьэмыщкІэр къашащ. Ар зыкІэ къаруушэ хъуати... ЕрагъкІэ зэфІэтыф къудейт. Чэрим и адэм ар къабзэу игъэпскІщ, мастэ хиІури, шхыным хэлъу хущхъуэ гуэрхэр иригъэшхащ. Апхуэдэурэ зы тхьэмахуэ дэкІри, хьэм и узыншагъэр зэтеувэжащ, бани хъужащ. Ар къызэрищІэу, хьэр зейр къекІуэкІащ. Чэрим и адэр къыдэкІауэ куэбжэпэм деж щытти, фІэмыфІ-фІэмыфІурэ абы сэлам ирихри еупщІащ:

- Сытым укъысхуихьа, Мысост?

- Си хьэр сшэжыну сыкъэкІуащ.

- Хьэм ущыхуейм щхьэ къыдэпхуа?

- Абы уи Іуэху хэлъкъым уэ, сшэжынущ жысІащи, сшэжынущ.

Чэрим и адэр абы епсалъэ нэхърэ, зишыІэмэ нэхъ къищтэнути, Іуэхур куу имыщІу жиІащ:

- Хъунщ - пшэжынщ, къыпхуейуэ щытмэ. Къыпхуэмеймэ, ар сысей хъуащи, си хьэм и гъусэу си пщІантІэм дэтынщ. - Джек, Джек, Джек, - еджащ ар игъэхъужа хьэм.

Хьэр къыдэжри, лІитІым я пащхьэм къихутащ.

- Джек, - жеІэ Чэрим и адэм, хьэм телъэщІыхьурэ, - къыджеІэт, хэт дэ тІум къыхэпхыр?

Хьэм «уэращ» къригъэкІыу, Чэрим и адэм и лъакъуэхэм зыкъыщихъуащ, и Іэми къебзеящ. ИужькІэ и кІэр лъагэу иІэтщ, и кІэбдз лъакъуитІымкІэ зеям сабэ къыжьэхипхъэри дэлъэдэжащ. Сыт жиІэжынт лІым абы и ужькІэ - Іуигъэзыкіыжащ.

УЭЗЫ Мухьэмэд.

Джабэ щыгум

(Къармэхьэблэ)

Дигъэгуфіэу, мис, къэсащ
ЦІыкІухэм къытхуэмахуэр,
НэфІэгуфІэу къытхуэкІуащ
ФІым я фІыж гъэмахуэр!
ЩІыбыр хуабэщ,
дыгъэр къопс -
Мы дунейр нэхушхуэщ.
Дыдокі джабэм махуэ къэс -
Дэ дыхъуащ инышхуэ!

Укъеплъыхмэ, къуажэр
цІыкІущ,
Балъкъи пфІощІ лентІ щІыхуу.
Деплъыхыхукіэ дымыщІа
Псыр апхуэдэу кІыхьу.
Джабэ щыгум къыпфІегъэщІ
Уэгу лъащІэншэм уиту.
Жьыр жьэдэши, уи Іэр шэщІ -
Улъэтэнщ бзу хуиту!..

ХЬЭТУ Пётр.

«Къа»-кІэ къыщІидзэ псалъэхэр

1. Унэм щагъэхъу, губгъуэми щыпсэу, псым фІыуэ щес джэдкъаз лІэужьыгъуэ. **2**. Іэщэу къагъэсэбэп сэ лІэужьыгъуэ, лъэныкъуитІымкІи дзэ иІэу, и пэр папцІэу. **3**. Къуаргъ лъэпкъым щыщ къуалэбзу, и дамэпэхэр хужьу. **4**. Псы Іуфэхэм, псыпцІэхэм къыщыкІ, лъагэу дэкІей къэкІыгъэ, и лъэдийр ку гъуанэу. **5**. Удз лъэпкъ, и лъабжьэм къыщыщІэдзауэ тхьэмпэ щхъуантІэ цІыкІу дыдэхэр Іуву тету. **6**. Шхыныгъуэ ткІуатІкІуэхэр къызэрырагъахъуэ. **7**. Джэду лъэпкъхэм ящыщ хьэкІэкхъуэкІэ пІащэщ, и шырхэр шэкІэ ипІу. **8**. Джэдкъазхэм, къуалэбзухэм къатекІэу дамэхэм ятет, кІэхэм япыт нэхъ пхъашэр. **9**. Пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащІэ цІыкІу. **10**. Псэущхьэшх къуалэбзу, и пэр кІэщІ къуаншэу, и лъэбжьанэхэр жану икІи кІыхьу, езыр джэдкъазхэм (псом хуэмыдэу я шырхэм) яхуэлъэу.

Зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэ.**

1.	къ	а				
2.	къ	а				
3.	къ	а				
4.	къ	а				
5.	къ	а				
6.	къ	а				
7.	къ	а				
8.	къ	а				
9.	къ	а				
10.	къ	а				

ЖЭУАПХЭР:

1. Къаз. 2. Къам. 3. Къанжэ. 4. Къамыл. 5. Къазуда. 6. Къашыкъ. 7. Къампэн. 8. Къабзий. 9. Къазмакъ. 10. Къашыргъэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Ялтэ) - 1:1 (0:1). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Бадзэуэгъуэм и 25-м. ЦІыху 450-рэ еплъащ.

Судьяхэр Лацвиев (Шахты), Ушаков (Москва), Ежак (Сочэ).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, КІэдыкІуей, Пириев, Гирзишев, Гъуэгузокъуэ, Пекъу, Селяев (ХьэцІыкІу, 46), Черкесов (Жабоев, 80), Хьэшыр, ЛІуп (Ибрагимов, 46), Іэпщацэ (Лысенкэ, 46).

«**Рубин**»: Туаев, Джанелидзе (Пурак, 72), Емельянов, Борисов, Колтаков, Коротков, Наниев (Тарнов, 17), Папазян, Хватаев, Панамарёв (Польшиков, 79), Полях.

Топхэр дагъэкІащ: Джанелидзе, 29 (0:1). Лысенкэ, 88 (1:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Пириевым, Джанелидзе, Емельяновым, ХьэцІыкІум, Хьэшырым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и япэ къекІуэкІыгъуэр «Спартак-Налшыкым» иухат Кърымым къикІа командэхэр зэкІэлъхьэужьу хигъэщІауэ. Иужьу зытекІуар зэпеуэм щыпашэ «Севастополь»-рат. Абы гукъыдэжышхуэ къаритауэ ди щІалэхэм загъэпсэхуат икІи етІуанэ къекІуэкІыгъуэм ерыщу зыхуагъэхьэзырат. Зэхьэзэхуэм щэбэт кІуам зэрыщІадзэжари Ялтэ и «Рубин»-р кърагъэблагъэут.

Кърымым и командэхэм ехъулІэныгъэкІэ зэраІущІэр зыщІэж «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм джэгур жыджэру ирагъэжьащ. АрщхьэкІэ псынщІэ дыдэу Іууащ «Рубин»-м и зыхъумэжыныгъэ лъэщым. Абы ищІыІужькІэ, хьэщІэхэр къаруушхуэкІи ебгъэрыкІуэрт. Апхуэдэ щІэдзэкІэм хуэмыхьэзыр ди щІалэхэр мащІэу къэдзыхащ икІи 29-нэ дакъикъэм къыхагъащІэ хъуащ, ялтэдэсхэм я гъуащхьэхъумэ Джанелидзе топ къахудигъэкІа иужькІэ.

Джэгум и Іыхьитім я зэхуакум зэрызагъэпсэхуа дакъикъэ зыбгъупщІыр хэгъэрейхэм трагъэкІэдащ Іуэхур зэрагъэзэкІуэжыну щІыкІэр убзыхуным. «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Емкъуж Мурат зэуэ цІыхуищ ихъуэжащ. Селяевым, ЛІупІым, Іэпщацэм я пІэкІэ джэгупІэ губгъуэм къригъэхьащ ХьэцІыкІур, Ибрагимовыр, Лысенкэ. Абыхэм хэгъэрейхэм тепщэныгъэр къыхуэзрагъэпэщащ. АрщхьэкІэ 66-нэ дакъикъэм Гирзишевыр джэгум къызэрыхахуам а псори псыхэкІуадэ ищІ пэтащ.

ЩытыкІэ гугъум ихуа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм ерыщагъ ин зыхалъхьащ икІи, зы цІыхукІэ нэхъ мащІэми, я ебгъэрыкІуэныгъэхэр кІащхъэ ящІакъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым, джэгур и кІэм нэблэгъэпауэ, Лысенкэ Сослъэн бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ. Арати, зэрытемыгъэкІууэ, 1:1-уэ, лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкІыжащ.

Зэхьэзэхуэм и пашэныгъэр щигъэбыдащ «Севастополь»-м. Япэ къекІуэкІыгъуэм и иужь зэІущІэм Налшык щыІэу къызэрыхагъэщІам абы дерс гъуэзджэ къыхихащ икІи Мейкъуапэ кІуауэ «Дружба»-р хигъэщІэфащ.

Севастопольдэсхэм къакІэлъеІэ Донецк и «Шахтёр»-м Дагъыстэным щыфІахьащ. Хасавюрт и «Победа»-р абы ефІэкІыфащ.

ЕтІуанэ увыпІэм нэс зиІэтащ «Ростов-2»-м. Дон Іус Ростов икІахэр Мэхъэчкъалэ «Динамо-2»-м щытекІуащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Нефтяник**» (Избербаш) - «**Заря**» (Луганск) - **2:1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Кызылташ**» (Бахъчисарай) - **0:0**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Шахтёр**» (Донецк) - **2:1**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - **3:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **1:3**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Ростов-2**» (Дон Іус Ростов) - **1:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр щыщхьэуІум (августым) и 1-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Бахъчисарай къалэм щІыпІэ «Кызылташ»-м щыІущІэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Футбол

Ерыщагъ зыхалъхьэри

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Севастополь»	15	11	2	2	26-10	35
2.	«Ростов-2»	15	10	2	3	30-15	32
3.	«Шахтёр»	15	9	3	3	27-13	30
4.	«Победа»	15	7	3	5	30-19	24
5.	«Спартак-Налшык»	15	6	6	3	22-11	24
6.	«Нарт»	14	7	3	4	19-10	24
7.	«Кызылташ»	15	7	3	5	22-17	24
8.	«Дружба»	15	6	4	5	18-17	22
9.	«Рубин»	15	5	6	4	18-14	21
10.	«Нефтяник»	15	6	0	9	15-37	18
11.	«Астрахань»	15	4	3	8	15-20	15
12.	«Заря»	15	4	3	8	16-24	15
13.	«Ангушт»	15	4	2	9	7-16	14
14.	«Динамо-2» Мх	15	2	3	10	11-28	9
15.	«Чайка-М»	15	2	1	12	10-35	7

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ І Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1570
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **ПхытІыкІ Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.